| 430. | <i><u>gek iso gek metil dhewe mulai taon 2000 hehe.</u></i>    | membantu orangtua   |
| 431. | <b>Tapi..</b>  | berdagang           |
| 432. | <i>Mriki ngih.</i>   | W3/Mawar: 427-430   |
| 433. | <b>Tapi mboten keberatan tho garwane mbak</b>                  |                     |
| 434. | <b>Mawar ten pasar?</b>  |                     |
| 435. | <i><u>Ngih mboten, malah seneng hehe. Ngurangi le</u></i>      | Dukungan suami      |
| 436. | <i><u>njaluk donge tuku lombok njaluk gek iso golek</u></i>    | terhadap pekerjaan  |
| 437. | <i><u>dhewe ki mbak hehe. Ngurangi pengeluaran</u></i>         | subjek              |
| 438. | <i><u>sitik-sitik, ning nek sing gedhe yo njaluk hehe.</u></i> | W3/Mawar: 435-439   |
| 439. | <i><u>Wong nek gor neng pasar entuke sepiro hehe.</u></i>      |                     |
| 440. | <b>Mung sitik-sitik, penak ngih? Hehe</b>                      |                     |
| 441. | <i>Hehe.</i>   |                     |
| 442. | <b>Nek niki kan pun dangu tho nikahe kinten-</b>               |                     |



|  |   |   |
|--|---|---|
| <p>443.<br/>444.<br/>445.<br/>446.<br/>447.<br/>448.<br/>449.<br/>450.<br/>451.<br/>452.<br/>453.<br/>454.<br/>455.<br/>456.<br/>457.<br/>458.<br/>459.<br/>460.<br/>461.<br/>462.<br/>463.<br/>464.<br/>465.<br/>466.<br/>467.<br/>468.<br/>469.<br/>470.<br/>471.<br/>472.<br/>473.<br/>474.<br/>475.<br/>476.<br/>477.<br/>478.<br/>479.<br/>480.<br/>481.<br/>482.<br/>483.<br/>484.<br/>485.<br/>486.<br/>487.<br/>488.</p> | <p><b>kinten tesih wonten sing kurang mboten?</b><br/> <b>Mungkin nopo ngonten, materi nopo sifate garwane sing mbotensekeco nopo mungkin nopo ngonten?</b><br/> <i>Opo e mbak? Hehe</i><br/> <b>Pun cekap ngih sedoyo?</b><br/> <i>Ngih pun cekap ngonten dianggep cekap sak cukup-cukupe hehe. Uwong ki lha kurang wae e mbak, ra neng wong kokean hehe. Sak cukup-cukupe sak opo onone ngenteniki gelem ra gelem.</i><br/> <b>Disyukuri.</b><br/>       Ngih alhamdulillah hehe. Sak isa-isane hehe.<br/> <b>Lha nek nopo, kinten-kinten sing perlu disyukuri nopo sing seking nopo, kehamilan niki nopo?</b><br/> <i>Sing ngenah ki mboten ngurangi aktivitas sehari-hari, biasa sehat ora hehe. Nek liyane do nyidam do lemes yo pokoke loyo nganggo lara nek kulo wis biasa dadi mboten niku rubah. Kesehatan yo mboten rubah, maem-maeme yo biasa ra neng sing niku.,hehe biasa. Sehat sing ngenah, kesehatan ki hehe lumayan ora niku, ngih mboten..</i><br/> <b>Nek harapane mengkih pripun, ngih masalah lairan.?</b><br/> <i>Lair sehat mboten wonten nopo-nopo ngonten mawon, kelairan sing sehat hehe. Lha ngih normal, lair biasa. Nek riyen kan diajak'i ten rumah sakit niki yo disaranke ten rumah sakit masalahe kalih diabet niku, kalih bu dokter ki "mbak kowe lairan kudu neng penembahan masalahe kowe ra gor lak ang biasa maksute kalih nyambi penyakit sing niku, nek neng kono kan luwih lengkap, neng bidan opo puskesmas kene kurang pepak alate dadi sesuk sewaktu kroso kudu ngo mudhun lha ngih ten panembahan" ngonteniku hehe. Yo mugo-mugo arepe gowo mriku lak biasa laire, niku lengkap ten mrika pertolongane ngonten.</i><br/> <b>Berati niki sing dikhawatirke mboten saget lair normal ngonten?</b><br/> <i>Ngih nek tiyang diabet ki engko nek lebih besar kuine lak yo niku tho mbak sing kulo khawatirke nek engko sesar opo piye, dadine kandungane nek luwih gedhe bayie kan yo niku. Gek njing</i></p> | <p>Merasa cukup (puas) dengan pernikahan karena menerima keadaan<br/>       W3/Mawar: 449-453</p> <p>Bersyukur karena kehamilan tidak mengganggu aktivitas dan kesehatan tidak berubah<br/>       W3/Mawar: 459-466</p> <p>Ingin lahir normal dan sehat<br/>       W3/Mawar: 469-471<br/>       Disarankan melahirkan di rumah sakit dan ingin lahir normal karena peralatan rumah sakit lengkap<br/>       W3/Mawar:471-482</p> <p>Khawatir tidak dapat melahirkan normal<br/>       W3/Mawar: 485-488</p> |
|--|---|---|

|      |   |  |
|------|---|--|
| 489. | <i>padane tuju bulan ten riko ki yo kulo kudu USG</i> |  |
| 490. | <i>melih, kececilen nopo kegedean hehe. Nek</i>       |  |
| 491. | <i>kececilan rak gampang di lebeng susu nopo es</i>   |  |
| 492. | <i>krim sing marakke nyuburke ten rae rak bobote</i>  |  |
| 493. | <i>ngoyak normal ngonteniku, tapi nek kegedean</i>    |  |
| 494. | <i>rak ngih enten cara liyo lah pripun sarane</i>     |  |
| 495. | <i>dokter kandungan, ngonteniku hehe.</i>             |  |
| 496. | <b>O Ngih empun..</b>                                 |  |
| 497. | <i>Ngih-ngih..</i>                                    |  |
| 498. | <b>Sak menten riyen mengkeh nek enten</b>             |  |
| 499. | <b>kurange mengkeh saged ngih ngobrol melih?</b>      |  |
| 500. | <i>Ngih mboten nopo-nopo.</i>                         |  |
| 501. | <b>Matur nuwun ngih mbak.</b>                         |  |
| 502. | <i>Hehe nek kirang cekap ngih.</i>                    |  |

**VERBATIM WAWANCARA  
(KEY INFORMAN)**

Nama : Mawar  
 Usia : 32 tahun  
 Pendidikan : SMP  
 Usia Kehamilan : 8 bulan  
 Kehamilan Ke- : 2 (dua)  
 Tanggal Wawancara : 07 September 2014  
 Waktu : 14.30-14.56  
 Lokasi Wawancara : Rumah mertua  
 Alamat : Tanjung Temuwuh  
 Tujuan Wawancara : Menggali informasi kondisi kehamilan, profil  
 Wawancara Ke- : 7 (tujuh)  
 Kode Wawancara : W7

| No  | Catatan Wawancara   | Analisis               |
|-----|---|------------------------|
| 1.  | <b>Niki mbak neruske sik wingi.</b>                         |                        |
| 2.  | <i>Ngih hehe.</i>   |                        |
| 3.  | <b>Sampun USG malih dereng?</b>                             |                        |
| 4.  | <i>Anu je kirang seminggu dereng purun dadine</i>           |                        |
| 5.  | <i>wingi niku pitune kurang seminggu gek Kamis</i>          |                        |
| 6.  | <i>niko gek wae mbak lajengan satu bulan malih</i>          |                        |
| 7.  | <i>mboten kudu niku mawon dadi dereng ngertos.</i>          |                        |
| 8.  | <b>Dereng ..</b>  |                        |
| 9.  | <i>Pinten nganune ngih. Dereng lha kulo ki suk</i>          |                        |
| 10. | <i>mawon pitu kan pas kurang seminggu pas</i>               |                        |
| 11. | <i>perikso niku gek entuk obate ki sesuk kari sisan</i>     |                        |
| 12. | <i>USG ngoteniku.</i>                                       |                        |
| 13. | <b>O..</b>  |                        |
| 14. | <i>Anune dokter niku.</i>                                   |                        |
| 15. | <b>Berarti dereng ngertos...</b>                            |                        |
| 16. | <i>Dereng, dereng ngih, ngih.</i>                           |                        |
| 17. | <b>Nek pingine cewek nopo cewek mbak?</b>                   |                        |
| 18. | <i><u>Pingine cowok hehe. Bar cewek niku gek ming</u></i>   | Ingin anak laki-laki   |
| 19. | <i><u>pepak hehe mestine nek le maringi cewek malih</u></i> | W7/Mawar: 18-20        |
| 20. | <i><u>ngih mboten nopo-nopo hehe.</u></i>                   |                        |
| 21. | <b>O ngih hehe.</b>   |                        |
| 22. | <i>Kepingine cowok hehe ngih ngih.</i>                      |                        |
| 23. | <b>Garwane kersone cowok ngoten?</b>                        |                        |
| 24. | <i><u>Ngih waene gek hehe ngoten ngih hehe mboten</u></i>   | Ingin lahir anak laki- |
| 25. | <i><u>ngih pokoke kulo ngih entuk hehe sak anune</u></i>    | laki                   |
| 26. | <i><u>hehe sak le maringi lah ngonten cewek cowok</u></i>   | W7/Mawar: 24-27        |
| 27. | <i><u>purun pingine cowok hehe pingin cowok.</u></i>        |                        |
| 28. | <b>Lha wingi niku bar perikso pripun doktere</b>            |                        |
| 29. | <b>sanjang pripun?</b>                                      |                        |

|  |   |   |
|--|---|---|
| <p>30.<br/>31.<br/>32.<br/>33.<br/>34.<br/>35.<br/>36.<br/>37.<br/>38.<br/>39.<br/>40.<br/>41.<br/>42.<br/>43.<br/>44.<br/>45.<br/>46.<br/>47.<br/>48.<br/>49.<br/>50.<br/>51.<br/>52.<br/>53.<br/>54.<br/>55.<br/>56.<br/>57.<br/>58.<br/>59.<br/>60.<br/>61.<br/>62.<br/>63.<br/>64.<br/>65.<br/>66.<br/>67.<br/>68.<br/>69.<br/>70.<br/>71.<br/>72.<br/>73.<br/>74.<br/>75.</p> | <p><i>Ngih sehat ngoten gek kulo ngih mboten gadah keluhan nopo-nopo gek kulo pingine lak nek saget USG lha niki mbak nek kurang seko pitu ki urung iso maksute eneng bobote nentokke kiro-kiro iso ngoteniku doktere mung gek sesuk sebulan malih gek mriki ngoten, nek satu bulan USG pun saged ngoten lebih dari pitu malah mboten nopo-nopo nek kurang mboten niku hehe turene ngoteniku</i></p> <p><b>Ngih anu perute sok kroso pripun mbak, raose pripun?</b></p> <p><i>Ngih nek kesayahan ngih kenceng-kenceng, kenceng-kenceng gek obahe lumayan banter hehe. Wengi niko rasane mondol-mondol nek kulo niku kulo pijetke gek dibenakke karo dukun ngoten hehe gek niku pun penak melih mboten terlalu nek koyo nglairke kulane niku ki gek kulo pijetke.</i></p> <p><b>Mboten nopo-nopo?</b></p> <p><i>Mboten nopo-nopo, mboten khusus dukun bayi.</i></p> <p><b>O ngeten.</b></p> <p><i>Ngih dukun bayi. Sabuk ono mbak lha kowe ki okeh le niku ngo montor kontrol-kontrol ngoteniku gek kulo nganggo korset dadine sak niki hehe.</i></p> <p><b>Gek dalane rusak-rusak.</b></p> <p><i>Lha ngih parah dalane hehe lha ngih.</i></p> <p><b>Mboten wedi nopo mbak?</b></p> <p><i>Ngih sing penting rindik mungan milih sing alus lah ngoten hehe lha ajeng kepripun cukupe ngoteniku hehe cukupe karo mlaku-mlaku hehe lha ngih.</i></p> <p><b>Perasaane pripun nek kroso kenceng nopo nendang-nendang ngoten?</b></p> <p><i>Ngih anu kulo ngih seren maksute, sakjane nopo pas nyambut gawe ngoten ngih dielus-elus mungan hehe dielus-elus hehe ngoteniku.</i></p> <p><b>Wedi nopo seneng nek gerak-gerak ngoteniku</b></p> <p><i>Ngih seneng jeneng sehat ngoten hehe. Nek ora obah malah wedi mbak hehe nek ora obah malah khawatir hehe nek banyak gerak malah mboten nopo-nopo mung gur nek kesayahan niku nak kencenge banget dadi atos ngoteniku hehe terus lha ngih nek mboten obah malah wedi kulo hehe ra sehat.</i></p> <p><b>Hehe oalah. Nek anu kaliyan suami sok</b></p> | <p>Kelelahan sehingga perut sakit dan bergerak kencang<br/>W7/Mawar: 41-42<br/>Pijat dukun bayi karena perut sakit<br/>W7/Mawar: 43-47</p> <p>Memakai korset karena perut sakit<br/>W7/Mawar: 51-54</p> <p>Menjaga kondisi bayi<br/>W7/Mawar: 58-61</p> <p>Subjek sering mengelus perut<br/>W7/Mawar: 64-66</p> <p>Bahagia ketika bayi bergerak<br/>W7/Mawar: 68-74</p> |
|--|---|---|

|  |   |   |
|--|---|---|
| <p>76.<br/>77.<br/>78.<br/>79.<br/>80.<br/>81.<br/>82.<br/>83.<br/>84.<br/>85.<br/>86.<br/>87.<br/>88.<br/>89.<br/>90.<br/>91.<br/>92.<br/>93.<br/>94.<br/>95.<br/>96.<br/>97.<br/>98.<br/>99.<br/>100.<br/>101.<br/>102.<br/>103.<br/>104.<br/>105.<br/>106.<br/>107.<br/>108.<br/>109.<br/>110.<br/>111.<br/>112.<br/>113.<br/>114.<br/>115.<br/>116.<br/>117.<br/>118.<br/>119.<br/>120.<br/>121.</p> | <p><b>ngomongke sesuk bayine pripun ngeten mboten? Maksute pas lairke pripun nek mboten sesuk pas gedekke pripun ngeten sok ngomongke mboten?</b></p> <p><i>De mboten je hehe mboten ngobrolke hehe gur le genah ki lairane sing nyaranke kudu nang rumah sakit masalahe enten penyakit ngih niku diabete niku sing genah pertolongane nek dokter gede pun pepak lengkap alate ngoteniku le nyaranke doktere kudu nang Jebukan niku mboten anu pripun-pripun.</i></p> <p><b>Tapi nek suami ngih nopo, harus ten dokter gede ngoten?</b></p> <p><i>Lha ngih ngih nderek kalih keadaane kulo nek mungkin nek cukup ten bidan mriki ngih tapi kemungkinan ki luwih tenan ten riko lah genah pepak alate hehe nek ten riki kan kirang lengkap hehe ngih.</i></p> <p><b>Mbak Mawar sok pados info masalah kehamilan ngeten mboten mbak?</b></p> <p><i>Ngih nek mung ten dokter niku sisan priksa niku nek ngeten-ngeten kepripun ki masalahe ngih niku karepe ora kalih diabet men ngih riyen pun biasa ngoteniko sak niki kan pun enten anu penyakit liyo gek nek keluhane ngeteniki kepripun mung sok ngoten takon kados dokter ngoteniku ngih kalih dokter.</i></p> <p><b>Kalih rencang nopo kados ten internet ngoteniku?</b></p> <p><i>Ngih mung ten dokter gek mung konco-konco ngih mung mangkih sing kulo dereng ngerti ngih gek diomongi ngoteniku hehe. Ngoteniku konco-konco kalih dokter ngih mung niku konco kalih dokter sing ndelalah niku tiyang kapling ngih diabet ngih hamil gek yo nyritakke ngeten-ngeten, nyaranke ngeten-ngeten hehe.</i></p> <p><b>Bagi pengalaman.</b></p> <p><i>Lha ngih tuger pengalaman .</i></p> <p><b>Oalah.</b></p> <p><i>Ngoteniku.</i></p> <p><b>Niki pun enten persiapan hamil niki pun..</b></p> <p><i>Maksute?</i></p> <p><b>Ngih persiapan mental nopo...</b></p> <p><i>Alat bayi ngih sekedik-sikedik empun hehe sekedik-sikedik ipil-ipil hehe</i></p> <p><b>Persiapan mental nopo donga-donga?</b></p> | <p>Ingin melahirkan di Rumah sakit<br/>W7/Mawar: 89-93</p> <p>Mencari informasi kehamilan dokter<br/>W7/Mawar: 96-102</p> <p>Mencari informasi kehamilan dari dokter dan teman<br/>dukungan emosial dari teman<br/>W7/Mawar: 105-109<br/>W7/Mawar: 109-111</p> <p>Persiapan perlengkapan bayi sedikit-sedikit</p> |
|--|---|---|

|      |   |  |
|------|---|--|
| 122. | <u>Ngih empun hehe bar sholat doa mugo-mugo slamet lairan ra ono opo-opo hehe gek rejeki</u>  | W7/Mawar: 119-120  |
| 123. | <u>ngoten hehe ngih.</u>  | Harapan lahir selamat dan memperoleh rejeki                  |
| 124. | <b>Lha niki mbak Mawar pengene nopo pengen cepet-cepet nglairke nopo dinikmati riyen mbak?</b>  | W7/Mawar: 122-124  |
| 125. | <b>Lha niki mbak Mawar pengene nopo pengen cepet-cepet nglairke nopo dinikmati riyen mbak?</b>  |  |
| 126. | <b>Lha niki mbak Mawar pengene nopo pengen cepet-cepet nglairke nopo dinikmati riyen mbak?</b>  |  |
| 127. | <b>Lha niki mbak Mawar pengene nopo pengen cepet-cepet nglairke nopo dinikmati riyen mbak?</b>  |  |
| 128. | <u>Ngih sak medale lah nek kulo hehe maksute mboten wa dereng wayahe dioperasi ben medal</u>  | Tidak terburu-buru agar bayi cepat lahir, ingin lahir lancar |
| 129. | <u>ki mboten sak nikune, sak laire ditenggo hehe wayahe ngih kroso ngih mugo-mugo lancar</u>  | W7/Mawar: 128-132  |
| 130. | <u>hehe.</u>  |  |
| 131. | <b>Sak laire.</b>   |  |
| 132. | <i>Ngih sak anune sing kuoso ngih hehe wong nek urung wayahe nek rung disesar derang iso medal hehe.</i>  |  |
| 133. | <b>Hehe ngih-ngih.</b>  |  |
| 134. | <i>Lha ngih hehe sak laire</i>  |  |
| 135. | <b>Anu mbak Mawar tambah kroso males, sensitif nopo gampang nesu ngoten?</b>  |  |
| 136. | <i>Ngih mboten mboten, biasa biasa, mboten males-males, mboten ngih hehe biasa mawon mboten enten keluhan liyo.</i>   | Tidak ada keluhan fisik dan perubahan emosi                  |
| 137. | <b>Enak ngih hehe.</b>  | W7/Mawar: 141-143  |
| 138. | <i>Ngih hehe.</i>   |  |
| 139. | <b>Niki kegiatan mboten terganggu?</b>  |  |
| 140. | <i>Mboten wayahe ten pasar ngih gregat tangi ten pasar hehe wayahe ten pundi kepengen ten alas ngih ten ngalas sik males ngih gilok-gilok sayah banget mangkih sedino bar opo terus ora ten pundi-pundi ngoten hehe..</i> | Mengerjakan sesuatu sesuai keinginan                         |
| 141. | <b>Mboten disanjung ...</b>   | W7/Mawar: 147-151  |
| 142. | <i>Dokter?</i>  |  |
| 143. | <b>Mboten angsal angkat...</b>  |  |
| 144. | <i>Ngih nek angkat-angkat ngih nek angkat-angkat berat ngih kulo ket hamil muda mboten patek mboten wani lah ngangkati barang sik abot-abot mboten wani.</i>  | Mengurangi angkat barang berat: tidak berani                 |
| 145. | <b>Ngeten ngih hehe.</b>  | W7/Mawar: 155-158  |
| 146. | <i>Ngih ngati-ati dhewe nek niku ki hehe ha nek mlaku adoh ki biasa nek prikso yo kadang ten ngandap, ngoteniku ten Wonosari ngih lha nek nyabut gawe berat ngih mboten hehe.</i>   |  |
| 147. | <b>Kaliyan garwane ngih?</b>  |  |
| 148. | <i>Ngih nek ten tebih nek ten puskesmas riki dewe lha ngih hehe nek ten tebih-tebih wong loro wong telu karo anake sijine nek mung ten riki</i>   | Dukungan keluarga  |
| 149. | <i>wong telu karo anake sijine nek mung ten riki</i>  | W7/Mawar: 166-167  |



|      |  |   |
|------|--|---|
| 168. | <u><i>mung dhewe lha wong yo sehat ngih hehe iso</i></u>     | Sering periksa sendiri jika tempatnya dekat W7/Mawar: 167-170             |
| 169. | <u><i>nggo motor sisan dadine rak hehe boro-boro</i></u>     |   |
| 170. | <u><i>gaweane nek prikso mung dhewe hee</i></u>              |   |
| 171. | <b>Mboten dilarang suamine nopo...</b>                       |   |
| 172. | <i>Ngih.</i>   |   |
| 173. | <b>Nek masalah..</b>   |   |
| 174. | <i>Mboten niku, mboten koyo kulo nek nandi-nandi</i>         |   |
| 175. | <i>wong loro repot ra iso entuk gawean hehe</i>              |   |
| 176. | <i>lungone ra ngenah suwe po sedelite nek sing</i>           |   |
| 177. | <i>genah sing lungo tebih niku kalih riko nek cerak</i>      |   |
| 178. | <i>ten puskesmas ten pasar dhewe terus .</i>                 |   |
| 179. | <b>Suami mboten larang niku, ten pasar niku?</b>             |   |
| 180. | <u><i>Mboten lha cukupe ngih ngoten hehe ngo</i></u>         | Bekerja untuk pemenuhan kebutuhan W7/Mawar: 180-185                       |
| 181. | <u><i>kebutuhan sida ndak dinan hehe cukupe pokoke</i></u>   |   |
| 182. | <u><i>kalih ten pasar hehe kecuali pun wayahe pun</i></u>    |   |
| 183. | <u><i>ngih mbok mengkih seren dewe hehe ra iso</i></u>       |   |
| 184. | <u><i>dipenging hehe wis wayahe lairke paling pas</i></u>    |   |
| 185. | <u><i>lairan.</i></u>  |   |
| 186. | <b>Simbah ngih mboten larang?</b>                            |   |
| 187. | <u><i>Mboten, mboten, mboten mbak sing penting ati-</i></u>  | Dukungan keluarga (mertua) W7/Mawar: 187-190                              |
| 188. | <u><i>ati le mlaku ora banter-banter hehe mung</i></u>       |   |
| 189. | <u><i>ngoteniku hee mboten-mboten larang karepe</i></u>      |   |
| 190. | <u><i>kulo dewe sakjane hehe mboten enten larangan.</i></u>  |   |
| 191. | <b>Dadi manut njenengan ?</b>                                |   |
| 192. | <u><i>Ngih manut kulo keadaan kulo sehat yo</i></u>          | Keluarga tidak melarang aktivitas W7/Mawar: 192-194                       |
| 193. | <u><i>menyang gene rasakke yo seren kari kulone ra</i></u>   |   |
| 194. | <u><i>ono wong akon ra ono wong menging hehe.</i></u>        |   |
| 195. | <b>Ngih, nek lingkungan riki ngrokok mboten?</b>             |   |
| 196. | <i>Ngih je ngrokok, bojone ngih ngrokok hehe riki</i>        |   |
| 197. | <i>niki kabeh do ngrokok enom-enom men do</i>                |   |
| 198. | <i>ngrokok sedanten.</i>                                     |   |
| 199. | <b>Lha nek enten sing ngrokok ngeten pripun?</b>             |   |
| 200. | <i>Ngih kulo alihan mungan penging men ora keno</i>          |   |
| 201. | <i>asep ki mung pindah ngoten hehe ngalihan</i>              |   |
| 202. | <i>ngoten.</i>   |   |
| 203. | <b>Hehe lha nopo mbak alihan?</b>                            |   |
| 204. | <u><i>Lha niku asepe ra betah kulo ket dereng meteng</i></u> | Menghindari asap rokok karena tidak betah asap W7/Mawar: 204-205, 207-208 |
| 205. | <u><i>sakjane mboten anu ngih.</i></u>                       |   |
| 206. | <b>Sak derenge meteng ngih mboten..</b>                      |   |
| 207. | <u><i>Ngih ora niku, ora seneng asepe le ngenah mbak</i></u> |   |
| 208. | <u><i>langsung watuk hehe asepe rokok</i></u>                |   |
| 209. | <b>O ngeten hehe.</b>  |   |
| 210. | <i>Ngih.</i>   |   |
| 211. | <b>Dadose mboten anu, nek hamile mboten</b>                  |   |
| 212. | <b>ngaruh banget ngoten?</b>                                 |   |
| 213. | <i>Mboten, mboten</i>  |   |

|  |  |  |
|--|--|--|
| <p>214.<br/>215.<br/>216.<br/>217.<br/>218.<br/>219.<br/>220.<br/>221.<br/>222.<br/>223.<br/>224.<br/>225.<br/>226.<br/>227.<br/>228.<br/>229.<br/>230.<br/>231.<br/>232.<br/>233.<br/>234.<br/>235.<br/>236.<br/>237.<br/>238.<br/>239.<br/>240.<br/>241.<br/>242.<br/>243.<br/>244.<br/>245.<br/>246.<br/>247.<br/>248.<br/>249.<br/>250.<br/>251.<br/>252.<br/>253.<br/>254.<br/>255.<br/>256.<br/>257.<br/>258.<br/>259.</p> | <p><b>Menjauhi rokok ngoten?</b><br/><u>O ngih, lho kadang kan enten bacaan sing nek kandungan sing hamil kon menjauhi yo ngih niku enten, sok moco-moco niku maksute sik yo dasare sik rung hamil nek asepe yo ra betah hehe ngenah ngih sok alihan nek enten wong rokok hehe.</u></p> <p><b>Nek sak niki mbak Mawar pripun raose, bahagia nopo...?</b><br/><u>Ngih hehe ngih remen lah lha nopo mboten remen hehe opo enenge hehe disyukuri opo anane sing penting sehat hee.</u></p> <p><b>Lha nopo sik marakke remen?</b><br/><u>Nopo yo hehe</u></p> <p><b>Mungkin hamile nopo keluargane?</b><br/><u>Yoalah mbak opone marakke hehe.</u></p> <p><b>Sedoyo kebutuhane pun cekap nopo..?</b><br/><u>Ngih lha niku mbak hehe. Ngih kebutuhane ki yo mboten turahe yo pas cukup lah ngoten mawon, kebutuhan cukup hehe ngoten mawon, kesehatane do sehat kabeh sing ngenah kesehatan hehe sehat sedanten sak keluargo ngoten.</u></p> <p><b>Ngih. Nek riyen pas cilike mbak Mawar ten pundi mbak?</b><br/><u>Anu griyane maksute?</u></p> <p><b>Kedung Dayak ngih.</b><br/><u>Kedung Dayak.</u></p> <p><b>Anu ket cilik kalih nopo...</b><br/><u>Tiyang sepuh, tiyang sepuh kiyambak lha le pindah mriki dereng dangu hehe le tindak mriki hehe maune ten mbok kiyambak nek sak niki podho karo nderek morotuo nderek bojo ngetutke ngoten hehe..</u></p> <p><b>Bar nikah langsung mriki ngih?</b><br/><u>Ngih mboten anak kulo mlebu SMP niki lah, dadi 12 taun mriki pindah mriki, waune kan yo mriko mriki nek netep ket SMP niki dadi ket anake sing niki umur rolas taunpun netep. Nek waune kan isih wira-wiri mriko-mriki mriko-mriki ngoten hehe.</u></p> <p><b>Lha nopo kok wira-wiri?</b><br/><u>Ngih lha nek ten riki kan le ngurusi anak kulo mengko ra eneng sik ngewangi maksute gek riko ngih simbok bapak ket bayi kan sing ngawulo tinggal ten pasar bapak ket bayi, ngawulo hehe</u></p> | <p>Menambah informasi kehamilan dari bacaan<br/>W7/Mawar: 215-217</p> <p>Menghindari asap rokok<br/>W7/Mawar: 219-220</p> <p>Informan senang &amp; syukuri apa yang ada asal sehat<br/>W7/Mawar: 223-225</p> <p>Bahagia karena merasa cukup dan keluarga sehat<br/>W7/Mawar: 231-236</p> <p>Waktu kecil tinggal dengan orangtua<br/>W7/Mawar: 243</p> <p>Sekarang tinggal dengan mertua<br/>W7/Mawar: 245-247</p> <p>Mulai tinggal dengan mertua<br/>W7/Mawar: 249-252</p> <p>Setelah menikah tidak langsung tinggal di rumah mertua</p> |
|--|--|--|

|      |  |                     |
|------|--|---------------------|
| 260. | <u>sik gedhe ne ki mboso pindah SMP pindah ten</u>     | W7/Mawar: 256-262   |
| 261. | <u>kilen ngoten nek sak niki iso migran dewe nopo-</u> |                     |
| 262. | <u>nopo hehe ngoteniku ngih.</u>                       |                     |
| 263. | <b>Sodarane pinten tho mbak Mawar?</b>                 |                     |
| 264. | <i>Kalih.</i>  |                     |
| 265. | <b>Kalih?</b>  |                     |
| 266. | <u>Kulo kalih adik kalih dadi tigo kulo.</u>           | Informan memiliki 2 |
| 267. | <b>Nomer setunggal eh mbak Mawar nomer</b>             | adik                |
| 268. | <b>pinten?</b>   | W7/Mawar: 266       |
| 269. | <u>Nomer setunggal.</u>                                | Informan anak       |
| 270. | <b>Nomer setunggal.</b>                                | pertama             |
| 271. | <i>Ngih hehe.</i>                                      | W7/Mawar: 269       |
| 272. | <b>Mbarep ngih?</b>                                    |                     |
| 273. | <i>Ngih.</i>   |                     |
| 274. | <b>Cilikanne pripun mbak Mawar? Hehe</b>               |                     |
| 275. | <i>Hehe yoalah ra kelingan mbak mekasute hehe.</i>     |                     |
| 276. | <b>Rencange katah mboten mbak?</b>                     |                     |
| 277. | <i>Ngih katah</i>                                      |                     |
| 278. | <b>Sok srawung mboten kalih nopo...</b>                |                     |
| 279. | <i>Sak nikine tho maksute?</i>                         |                     |
| 280. | <b>Kalih rencang-rencange? Ngih</b>                    |                     |
| 281. | <u>Ngih sok kepanggih tenan lha wong pencar</u>        | Kadang bertemu      |
| 282. | <u>kiyambak-kiyambak hehe mboten amor hehe</u>         | dengan teman lama   |
| 283. | <u>kadang kepanggih ten pasar ten enten nopo,</u>      | W7/Mawar: 281-286   |
| 284. | <u>arisan eten ngoteniku mungan hehe pun mboten</u>    |                     |
| 285. | <u>amor lha pun riko pun ten Dayak riki ten</u>        |                     |
| 286. | <u>Tanjung hehe pisah.</u>                             |                     |
| 287. | <b>Adoh hehe.</b>                                      |                     |
| 288. | <i>Ngih-ngih hehe.</i>                                 |                     |
| 289. | <b>Rasane pripun nek ketemu kalih rencang?</b>         |                     |
| 290. | <u>Ngih remen hehe ngobrol-ngobrol hehe</u>            | Bahagia ketika      |
| 291. | <u>ngobrol-ngobrol.</u>                                | bertemu teman       |
| 292. | <b>Ngelingi jaman biyen hehe</b>                       | W7/Mawar: 290-291   |
| 293. | <i>Ngih cilikane amor hehe ngobrol-ngobrol</i>         |                     |
| 294. | <i>ngeteniku.</i>                                      |                     |
| 295. | <b>Lha niki mulai ten pasar niku bar lulus</b>         |                     |
| 296. | <b>sekolah nopo pripun niku?</b>                       |                     |
| 297. | <u>Ngih bar sekolah ngih, luluse 98 gek lekase</u>     | Mulai usaha sendiri |
| 298. | <u>dodol taon 2000 niku ngonteniku.</u>                | W7/Mawar: 297-298   |
| 299. | <b>Awale ngewangi..</b>                                |                     |
| 300. | <u>Ngih ewang-ewang tiyang sepuh gek dewe</u>          | Sejak kecil         |
| 301. | <u>ngoteniku hehe ewang-ewang ngonten ngih .</u>       | membantu orangtua   |
| 302. | <b>Hehe nek riyen mbak Mawar sok nopo,</b>             | W7/Mawar: 300-301   |
| 303. | <b>biasane nek cah enom seneng dolan-dolan.</b>        |                     |
| 304. | <i>Ngih.</i>   |                     |
| 305. | <b>Seneng dolan-dolan nopo ten ngomah mawon</b>        |                     |

|  |  |   |
|--|--|---|
| <p>306.<br/>307.<br/>308.<br/>309.<br/>310.<br/>311.<br/>312.<br/>313.<br/>314.<br/>315.<br/>316.<br/>317.<br/>318.<br/>319.<br/>320.<br/>321.<br/>322.<br/>323.<br/>324.<br/>325.<br/>326.<br/>327.<br/>328.<br/>329.<br/>330.<br/>331.<br/>332.<br/>333.<br/>334.<br/>335.<br/>336.<br/>337.<br/>338.<br/>339.<br/>340.<br/>341.<br/>342.<br/>343.<br/>344.<br/>345.<br/>346.<br/>347.<br/>348.<br/>349.<br/>350.<br/>351.</p> | <p><b>nek mbak Mawar riyen?</b><br/><i>Ngih enem-enemane maksute?</i></p> <p><b>Ngih.</b><br/><i>Ngih kadang nek enten acara ngih dolan melu konco ngoten hehe dolan-dolan riyen ngih arang-arang riyen hehe kerepe ten pasar niku le ajeg hehe sek riki tuo ten pasar.</i></p> <p><b>Hehe lha nopo kok malah milih ten pasar?</b><br/><u><i>Yo lha ngih sing iso nggo hehe bekal nek mung dolan nak mung rugi hehe nggo sangu tuo belajar mandiri dodol hee ngonteniku.</i></u></p> <p><b>Niki putrane ngih diajak ten pasar mboten?</b><br/><i>Ngih nek prei, nek prei sekolah kadang sok purun kadang mboten ngonteniku hehe nek mboten purun dewe pun biasa dodol dewe hehe.</i></p> <p><b>O ngih hehe.</b><br/><i>Ngih hehe.</i></p> <p><b>Tapi remen tho misal diajak ten pasar ngeten?</b><br/><i>Ngih purun, remen ngih, ngih purun.</i></p> <p><b>Nek nopo, moro eh tiyang sepuhe ten pasar mbak Mawar ket cilik nopo..?</b><br/><i>Ngih ket kulo alit, ket kulo alit hee</i></p> <p><b>Berati ket alit pun ten pasar ngih mbak Mawar ngih?</b><br/><i>Ngih sok ewang-ewang koyo anak kulo niku hehe sok melu ngeten hehe sok melu ten pasar ngonteniku.</i></p> <p><b>O makane niki gedhe pengin..</b><br/><i>Ngih hehe nurun hehe isane mung ngonteniku dasare hehe</i></p> <p><b>Ngih hehe.</b><br/><i>Bisane ngonteniku.</i></p> <p><b>Nek nopo, tiyang sepuhe biasane keras mboten?</b><br/><i>Mboten.</i></p> <p><b>Masalah pola asuh ngoten?</b><br/><u><i>Mboten, gemati hehe gemati hehe mboten e mbak biasa.</i></u></p> <p><b>Kok mboten, berarti jarang diseneni ngoten?</b><br/><u><i>Ngih jarang hehe anak wedok mung sitok sengeni gek piye hehe.</i></u></p> <p><b>O anu adike jaler?</b><br/><i>Jaler-jaler ngih kalih jaler sedanten gek yo kulo sing wedok dewe hehe</i></p> <p><b>Hehe sok anu, sok kerengan berarti kalih niki</b></p> | <p>Lebih senang bekerja<br/>W7/Mawar: 314-316</p> <p>Orangtua informan perhatian pada anak-anaknya<br/>W7/Mawar: 343-344<br/>Jarang dimarahi orangtua<br/>W7/Mawar: 346-347</p> |
|--|--|---|

|  |   |  |
|--|---|--|
| <p>352.<br/>353.<br/>354.<br/>355.<br/>356.<br/>357.<br/>358.<br/>359.<br/>360.<br/>361.<br/>362.<br/>363.<br/>364.<br/>365.<br/>366.<br/>367.<br/>368.<br/>369.<br/>370.<br/>371.<br/>372.<br/>373.<br/>374.<br/>375.<br/>376.<br/>377.<br/>378.<br/>379.<br/>380.<br/>381.<br/>382.<br/>383.<br/>384.<br/>385.<br/>386.<br/>387.<br/>388.<br/>389.<br/>390.<br/>391.<br/>392.<br/>393.<br/>394.<br/>395.<br/>396.<br/>397.</p> | <p><b>sibg alit-alit?</b><br/><i>Ngih mboten jarake ki pun kacekke kulo kan adik kulo sing nomer loro ki umur wolong taon ngih gek kalih sik niki puluhan taon wong 90 karo 92 lairane sing niku ketigo.</i><br/><b>Berarti anu, cilikane ngih momong adik-adike?</b><br/><i>Ngih ket cilik kulo, lha ngih ket cilik hehe momong saiki hehe sing gedhe tinggal hehe</i><br/><b>Emang dikongkon nopo, tiyang sepuhe ngeten, ken momong ngeten?</b><br/><i>Ngih, ngih kalih mbah ning nek bar sekolah ngih kulo melu momong hehe kalih mbahe.</i><br/><b>Berarti celak no kalih adik-adike?</b><br/><i>Ngih sak rumah nek wingi niku, ngih pisahe sak niki-niki kulo ngetotke batih riko ten ngomah ngoten, sak rumah riyen hee.</i><br/><b>Tapi telak tho maksute ngih sok bareng ngobrol ..?</b><br/><i>Ngih celak, celak kerep le pethuk ngih hehe kerep le pethuk karo le mboten hehe gur riko-riki gor cerak hehe.</i><br/><b>Hehe ngih, nek kalih tiyang sepuhe ngih cerak tho hubungane?</b><br/><i>Ngih cerak ngih.</i><br/><b>Sok mriko?</b><br/><i>Ngih niki wau men mriko, wau dalu tilem mriko hehe pine malem minggu anake prei hehe gek ewang-ewang resik-resik sekalane prei ngoteniku hee.</i><br/><b>Mbak Mawar kiyambak sik pengen mriko nopo dikon?</b><br/><i>Ngih kulo kalih, mboten kulo dewe pengen mriko pine anake prei lha pun saploke anake SMP mboten tau mriko esok gek pengen amor turu hehe mboktuo turu mboktuo ngoten hee.</i><br/><b>Ngih hehe. Luwih celak kalih ibu nopo bapak?</b><br/><i>Ngih loro-lorone paling luwih-luwih ibu hehe loro-lorone cerak hehe. Nek bapak rak mboten sok ten wono ra mesti kepetuk nek simbok ten pasar amor ten omah amor hehe dadine luwih niku ning ngih kabeh-kabehe gemati podho mawon mboten kepentuk kerep niko hehe bapake wong sing ngasuh anake kulo yo ket cilik riko sing momong ket bayi hehe.</i></p> | <p>Membantu mengurus adik-adik<br/>W7/Mawar: 359-360</p> <p>Membantu mengurus adik-adik dengan nenek<br/>W7/Mawar: 363-364</p> <p>Sering berjumpa dengan adik<br/>W7/Mawar:371-373</p> <p>Dekat dengan orangtua terutama ibu<br/>W7/Mawar: 390-397</p> |
|--|---|--|



|      |   |   |
|------|---|---|
| 398. | <b>Menawi wonten masalah ngoten ngih biasane sok ngobrolke kalih tiyang sepuh nopo morotuo nopo garwo ngoten mboten, nopo rencang malahan?</b>  |   |
| 399. |   |   |
| 400. |   |   |
| 401. |   |   |
| 402. | <u>Ngih garwo riyen gek mengkih mbok dewe nek morosepuh dereng, dereng ngadu hehe.</u>  | Penyelesaian masalah dengan suami dulu kemudian ibu |
| 403. | <b>Hehe lha nopo?</b>   | W7/Mawar: 402-403                                   |
| 404. |   | Merasa kurang bebas dengan mertua tidak             |
| 405. | <u>Lha yo mboten bebas hehe bebas mbokne dewe hehe.</u>   | W7/Mawar: 405-506                                   |
| 406. |   |   |
| 407. | <b>Benten ngoten?</b>   |   |
| 408. | <u>Lha ngih hee</u>   |   |
| 409. | <b>Penakke ngih.</b>  |   |
| 410. | <u>Ngih luwih cerak nek mbok dewe hehe. Terutama bojo gek ngih mbok ngono kui hehe.</u>   |   |
| 411. |   |   |
| 412. | <u>Morosepuh ki nek pas krungu ngih nyambung ning nek mboten ngih mboten pernah ngomong hehe kirang bebas hehe ngih kirang bebas.</u>   | Mertua tidak mencampuri urusan keluarga             |
| 413. |   | W7/Mawar: 412-414                                   |
| 414. | <b>Hehe oalah. Berarti niki nek kalih nopo, suami ngih terbuka ngih?</b>  |   |
| 415. | <u>Lha ngih ngih hehe nek mboten ndak ra apik hehe blak-blakan hehe masalah mecahke bareng ngonteniku nggean.</u>   | Terbuka dengan suami                                |
| 416. |   | W7/Mawar: 417-419                                   |
| 417. |   |   |
| 418. | <b>Enten masalah bareng-bareng ngoten ngih.</b>   |   |
| 419. | <u>Ngih hehe.</u>   |   |
| 420. | <b>Nek kalih adik ngoten ngih sok masalah nopo ngih sok ngobrol ngeten?</b>   |   |
| 421. |   |   |
| 422. | <u>Ngih, ngih biasa ngobrol kebetulan enten kepentingan opo ngomong opo bareng hehe.</u>  | Dekat dengan adik                                   |
| 423. |   | W7/Mawar: 424-425                                   |
| 424. | <b>Menawi enten masalah keluarga ngoten biasane sok dirembuk bareng nopo diselesaikan misal enten masalah kalih ibu ngih empun kalih ibu mawon nopo dirembuk bareng-bareng?</b>   |   |
| 425. | <u>Ngih maksute kalih simboke kulo dewe?</u>  |   |
| 426. | <b>Ngih.</b>  |   |
| 427. | <u>Ngih dirembuk bareng sak keluargo ngoten ngih bojo kulo ngih adi-adi kulo bapak kulo ngoten hehe bareng-bareng e nek masalah pribadi dipecahke tiyang kalih riyen hehe geneo ra rampung yo njaluk hehe pengarahen tiyang sepuh hehe ngenten.</u> | Masalah diselesaikan bersama                        |
| 428. |   | W7/Mawar: 433-438                                   |
| 429. | <b>Kekeluargaan ngeten.</b>   |   |
| 430. | <u>Ngih, ngih hehe.</u>   |   |
| 431. | <b>Niki rasose bahagia sak niki nopo sak derenge hamil mbak?</b>  |   |
| 432. |   |   |
| 433. | <u>Ngih ket sak derenge lah mboten enten masalah</u>  | Merasa tidak pernah                                 |
| 434. |   |   |
| 435. |   |   |
| 436. |   |   |
| 437. |   |   |
| 438. |   |   |
| 439. |   |   |
| 440. |   |   |
| 441. |   |   |
| 442. |   |   |
| 443. |   |   |



|      |  |                     |
|------|--|---------------------|
| 444. | <u>tekan sek riki hehe.</u>                          | memiliki masalah    |
| 445. | <b>Sami mawon ngih?</b>                              | W7/Mawar: 443-444   |
| 446. | <u>Ngih sami mawon mboten enten efeke mergo</u>      | Merasa tidak pernah |
| 447. | <u>hamil gek do padu ki mboten hehe wong diniati</u> | memiliki masalah    |
| 448. | <u>hehe.</u>   | dengan suami        |
| 449. | <b>Tapi sami mawon ngih berarti?</b>                 | W7/Mawar: 446-448   |
| 450. | <i>Ngih.</i>   |                     |
| 451. | <b>Remene sami?</b>                                  |                     |
| 452. | <i>Remene sami mawon hehe.</i>                       |                     |
| 453. | <b>Mboten ngaruh ngih?</b>                           |                     |
| 454. | <i>Mboten ngih.</i>                                  |                     |
| 455. | <b>Niki putrane pripun mbak Mawar hamil niki</b>     |                     |
| 456. | <b>remen nopo..?</b>                                 |                     |
| 457. | <i>Sik mbake?</i>                                    |                     |
| 458. | <b>Ngih putrane.</b>                                 |                     |
| 459. | <u>O ngih remen hehe nde tunggal hehe seneng nde</u> | Anak menerima       |
| 460. | <u>adik hehe remen.</u>                              | kehadiran bayi      |
| 461. | <b>Mboten anu, mboten sok ngeluh sesuk duwe</b>      | W7/Mawar: 459-460   |
| 462. | <b>adik?</b>   |                     |
| 463. | <i>Mboten, mboten, biasa seneng hehe ngih hehe</i>   |                     |
| 464. | <i>nde konco hehe lha ngih.</i>                      |                     |
| 465. | <b>Mbak Mawar pripun niki putrane pun saged</b>      |                     |
| 466. | <b>nrimo adike pripun raose?</b>                     |                     |
| 467. | <u>Ngih seneng lah hehe mboten kepripun seneng</u>   | Informan senang     |
| 468. | <u>melu seneng ngoten ngih.</u>                      | anak menerima       |
| 469. | <b>Lha nopo?</b>                                     | kehadiran bayi      |
| 470. | <u>Lha riko yo mboten merasa keberatan nde adik</u>  | W7/Mawar: 467-468,  |
| 471. | <u>melih hehe seneng dadi melu seneng ngihan</u>     | 470-472             |
| 472. | <u>hehe tiyang sepuhehehe lha ngih.</u>              |                     |
| 473. | <b>Nek biasane kan suami sok ngelus-elus perut</b>   |                     |
| 474. | <b>nopo sok ngajaki ngobrol nek garwane</b>          |                     |
| 475. | <b>pripun niku, ngeteniku mboten?</b>                |                     |
| 476. | <u>Hehe ngih mboten, mboten malah anake niku</u>     | Anak sering         |
| 477. | <u>malah hehe.</u>                                   | mengelus perut      |
| 478. | <b>Malah anake hehe.</b>                             | W7/Mawar: 476-477   |
| 479. | <u>Lha ngih hehe malah mbake ngejak “iki ki opo</u>  | Anak bergurau       |
| 480. | <u>tho mak?” hehe geguyon hehe geguyon.</u>          | tentang perut       |
| 481. | <b>Hehe raose pripun nek didemok anake</b>           | W7/Mawar: 479-480   |
| 482. | <b>ngoten?</b>                                       |                     |
| 483. | <i>Ngih hehe.</i>                                    |                     |
| 484. | <b>Raose remen nopo malah risi ngoten?</b>           |                     |
| 485. | <u>Remen, remen yo campur risi mbak hehe ndi</u>     | Informan senang     |
| 486. | <u>gerake hehe remen campur risi hehe.</u>           | anak mengelus perut |
| 487. | <b>Hehe o ngoten. Niki kinten-kinten pun angsal</b>  | W7/Mawar: 485-486   |
| 488. | <b>dereng sing diharepke sak derenge nikah?</b>      |                     |
| 489. | <b>Kan sak derenge nikah kan enten harapan</b>       |                     |

|      |   |                      |
|------|---|----------------------|
| 490. | <b>nopo ngeten, kinten-kinten sampun cekap sedoyo nopotesih enten sik kirang?</b> |                      |
| 491. |   |                      |
| 492. | <i>O ngih nopo ngih? Hehe mobil pun duwe, gek</i>                                 | Sedikit-sedikit      |
| 493. | <i>elek-elek omah ngih pun enten ning nak dereng</i>                              | harapan tercapai     |
| 494. | <i>sempurna o yo kepingine mung gek rapi ngoten</i>                               | W7/Mawar: 492-497    |
| 495. | <i>ningkok dereng saged hehe danane malah</i>                                     |                      |
| 496. | <i>ketanggor butuh lairan hehe donge ngih nge</i>                                 |                      |
| 497. | <i>rapikke sak tekane mbak griyo.</i>   |                      |
| 498. | <b>Sak tekane.</b>  |                      |
| 499. | <i>Ngih hehe ngih. Lepenting ra ketinggalan</i>                                   | Tidak ingin          |
| 500. | <i>tanggane hehe, lha ngih mugo-mugo iso hehe</i>                                 | ketinggalan dengan   |
| 501. | <i>gene sak niki nde anak riyen le nyempurnakke</i>                               | lingkungan sekitar   |
| 502. | <i>bangunan kalih mlampah hehe.</i>   | W7/Mawar: 499-502    |
| 503. | <b>Niki fokus ten anak riyen?</b>   |                      |
| 504. | <i>Ngih lha ngih hehe fokuse ten anak.</i>  | Fokus pada bayi yang |
| 505. | <b>Nek niki kan biasa sok kumpul kalih anu</b>                                    | akan lahir           |
| 506. | <b>ngih, kalih rencang-rencang nopo tonggo</b>                                    | W7/Mawar: 504        |
| 507. | <b>ngeten ngih?</b>   |                      |
| 508. | <i>Ngih tonggo.</i>   |                      |
| 509. | <b>Biasane raose pripun nek pas kumpul</b>  |                      |
| 510. | <b>ngoteniku, seneng nopo malah pripun</b>  |                      |
| 511. | <b>ngeten?</b>  |                      |
| 512. | <i>Ngih remen lah amor iso omong-omong tukar</i>                                  | Bahagia berkumpul    |
| 513. | <i>pengalaman hehe remen.</i>   | dengan teman         |
| 514. | <b>Hehe ngih katah rencange ngoten?</b>   | W7/Mawar: 512-513    |
| 515. | <i>Ngih iso curhat hehe ngomongke.</i>  |                      |
| 516. | <b>Enak ten dalem, eh nopo enak ten omah</b>                                      |                      |
| 517. | <b>mawon nopo kumpul-kumpul kalih rencang?</b>                                    |                      |
| 518. | <i>Ngih nek pas selo ngih penakke medal gek</i>                                   | Menyempatkan diri    |
| 519. | <i>amor-amor karo konco nek pas sibuk kerepotan</i>                               | berkumpul            |
| 520. | <i>ten ngriyo ngih dirampungri riyen hehe.</i>                                    | W7/Mawar: 518-520    |
| 521. | <i>Kepengene ngih dolan-dolan mbak ning ndang</i>                                 | Ingin pergi-pergi    |
| 522. | <i>wektune sing ra iso dibagi ndi weduse sing</i>                                 | namun banyak         |
| 523. | <i>ngelih, ndi hehe bunteli es, endi sing ngoteniku</i>                           | kegiatan di rumah    |
| 524. | <i>ten pasar hehe ngoteniku.</i>  | W7/Mawar: 521-524    |
| 525. | <b>Berarti niki anu ngih nek fokuse pertama</b>                                   |                      |
| 526. | <b>niki ngge anak riyen diutamakan?</b>   |                      |
| 527. | <i>Ngih ngih diutamakan hehe</i>  |                      |
| 528. | <b>Tapi sik marakke bahagia ngih anak niku</b>                                    |                      |
| 529. | <b>nopo..?</b>  |                      |
| 530. | <i>Ngih anak lah.</i>   |                      |
| 531. | <b>Nopo keluargane?</b>   |                      |
| 532. | <i>Ngih sedantene ngoten mawon hehe keluarga</i>                                  |                      |
| 533. | <i>kalih anak hehe. Ngih keluargane, ngih anake,</i>                              |                      |
| 534. | <i>ngih sedulure, tunggal kandunge hehe</i>                                       |                      |
| 535. | <i>ngonteniku.</i>  |                      |

|      |   |  |
|------|---|--|
| 536. | <b>Nek kalih sedulur liyane ngih celak mbak?</b>  |  |
| 537. | <i>Ngih celak.</i>  |  |
| 538. | <b>Sok mriko mboten?</b>  |  |
| 539. | <i>Ngih nek enten keperluan nopo, enten perlu gadah gawe nopo arisan mriko.</i>   |  |
| 540. | <b>Arisan keluarga nopo?</b>  |  |
| 541. | <i>Ngih sak umum ning nak nderek riko ngoten.</i>   |  |
| 542. | <b>Nderek mriko hehe.</b>   |  |
| 543. | <i>Ngih sebulan sekali ngih kepanggih hehe.</i>   |  |
| 544. | <b>O nek kumpul ngeten paling anu ngih, pas</b>   |  |
| 545. | <b>acara-acara...</b>   |  |
| 546. | <i>Lebaran, ngih acara-acara nopo ngoten nek maksute sak sedulur mriki no?</i>  |  |
| 547. | <b>Ngih.</b>  |  |
| 548. | <i>Ngih nek enten kepentingan nopo, nek biasa mboten mesti kumpul hehe. Kadang do mriki kangen tiyang sepuh gek mriki mung ngoteniku,</i>                                     |  |
| 549. | <i>mboten gek kumpul enten anu trah mboten, mung paling lebaran genah do kumpul sedanten ngonteniku hehe kalih acara hajad nopo nek mboten ngih mboten do sibuk kiyambak-</i> |  |
| 550. | <i>kiyambak hehe.</i>   |  |
| 551. | <b>Ngih ngih hehe wonten kesibukan.</b>   |  |
| 552. | <i>Lha ngih hehe.</i>   |  |
| 553. | <b>Lha mbak Mawar sok ten ngene niku...</b>   |  |
| 554. | <i>Sederek?</i>   |  |
| 555. | <b>Sederek?</b>   |  |
| 556. | <i>Ngih nek enten keperluan lah nek ngelengke dolan ngih mboten pernah, ngih nek enten keperluan nopo ngih mriko mboten ngih mboten hehe ngonteniku.</i>                      |  |
| 557. | <b>Kesibukan ngih hehe.</b>   |  |
| 558. | <i>Lha ngih sibuk hehe ngih.</i>  |  |
| 559. | <b>Ngih pun sementara niku riyen.</b>   |  |
| 560. | <i>Woh ngih.</i>  |  |
| 561. | <b>Mengkih nek tesih enten sik kurang nuwun</b>   |  |
| 562. | <b>tulung ngobrol</b>   |  |
| 563. | <i>Ngih mboten nopo-nopo hehe selama kulo mboten lungo lha nek lungo men mesakke sampean hehe ngih ngoteniku hehe.</i>  |  |
| 564. | <b>Matur nuwun ngih mbak.</b>   |  |
| 565. | <i>Ngih hehe.</i>   |  |
| 566. |   |  |
| 567. |   |  |
| 568. |   |  |
| 569. |   |  |
| 570. |   |  |
| 571. |   |  |
| 572. |   |  |
| 573. |   |  |
| 574. |   |  |
| 575. |   |  |
| 576. |   |  |
| 577. |   |  |

**VERBATIM WAWANCARA  
(KEY INFORMAN)**

Nama : Mawar  
 Usia : 32 tahun  
 Pendidikan : SMP  
 Usia Kehamilan : 6 bulan  
 Kehamilan Ke- : Dua (2)  
 Tanggal Wawancara : 17 September 2014  
 Waktu : Siang hari  
 Lokasi Wawancara : Rumah Mertua  
 Alamat : Tanjung Temuwuh  
 Tujuan Wawancara : Menggali informasi kehamilan, profil  
 Wawancara Ke- : 12 (duabelas)  
 Kode Wawancara : W12

| No  | Catatan Wawancara   | Analisis                                   |
|-----|---|--|
| 1.  | <b>Neruske sik wingi mbak niki hehe</b>                       | Menjaga kondisi janin<br>W12/ Mawar: 16-22 |
| 2.  | <i>Ngih boten nopo-nopo.</i>                                  |  |
| 3.  | <b>Niki tesih sok ten peken mbak?</b>                         |  |
| 4.  | <i>Tesih, biasa hehe tesih sek riki ngih-ngih.</i>            |  |
| 5.  | <b>Enggih tho oalah. Sampun perikso USG?</b>                  |  |
| 6.  | <i>Dereng lha anu doktere ki men kalih wingi kan</i>          |  |
| 7.  | <i>men sesasi ngoten dadine obate ngih tesih kulo</i>         |  |
| 8.  | <i>ngih dereng perikso padane jing paling dinten</i>          |  |
| 9.  | <i>Kemis njing-enjing paling nek USGne ngoten.</i>            |  |
| 10. | <b>Mboten enten anu tho keluhan nopo?</b>                     |  |
| 11. | <i>Keluhan, mboten, mboten, biasa mawon hehe</i>              |  |
| 12. | <i>biasa.</i>   |  |
| 13. | <b>Nek sakit kados flu ngoten-ngoteniku?</b>                  |  |
| 14. | <i>Mboten ngehan alhamdulillah sek mriki mboten</i>           |  |
| 15. | <i>tau niku hehe sehat terus pokokmen ngih niku</i>           |  |
| 16. | <i><u>biasane mung mules-mules mung kulo wedaki</u></i>       |  |
| 17. | <i><u>kayu putih pun mari pun ngoteniku akhire koyo</u></i>   |  |
| 18. | <i><u>anu ngoteniko koyo angin-angin ngoteniko jare</u></i>   |  |
| 19. | <i><u>kerokan nek dereng meteng ning kulo saplok niki</u></i> |  |
| 20. | <i><u>kii nek wong meteng ki ra oleh kerokan dadi</u></i>     |  |
| 21. | <i><u>mboten kerokan hehe mung kengge minyak</u></i>          |  |
| 22. | <i><u>ngonteniku, minyak angin.</u></i>                       |  |
| 23. | <b>Sik nyanjangi sinten nek boten angsal</b>                  |  |
| 24. | <b>kerokan?</b>   |  |
| 25. | <i>Yo tiang sepuh-sepuh ngonten ki padane oleh</i>            |  |
| 26. | <i>gur sisih duwur wae ngonteniku hehe nek ngisor</i>         |  |
| 27. | <i>ngomonge rai ngonteniku gek yo mung nderek</i>             |  |
| 28. | <i>hehe ngih.</i>   |  |
| 29. | <b>Niki jarake pun 12 tahun ngih?</b>                         |  |

|  |  |
|--|--|
| <p>30. <i>Ngih ngih.</i><br/> 31. <b>Putrine dadi pripun, kan kadang kan sok dadi manja ngonteniku boten?</b><br/> 32. <i>Ngih ngih boten, mandiri ngihan pun ngertos nek hehe ngih boten.</i><br/> 33. <b>Enak ngih hehe.</b><br/> 34. <i>Ngih hehe pun ngerti lah nek duwe adik ki piye ngonteniku dek'e ngih pun sok padane kulo ken jipukke opo ngih nderek manut hehe "Na nyapu, Na isah-isah" manut ngonteniku hehe.</i><br/> 35. <b>Hehe ngih.</b><br/> 36. <i>Mbantu ngih.</i><br/> 37. <b>Rajin wau ngih anu...</b><br/> 38. <i>Ngih nyapu lha kulo ki ra tau nyapu ki mbak niku njobo njero, isah-isah, nek esuk-esuk pun godok wedang dewe, isah-isah, gek niku pun boten tau akon pun ngerti dewe. Mbake kene gek mbake kono.</i><br/> 39. <b>Ngrepoti mbak.</b><br/> 40. <i>Gek dike'i es ora? o yo wis wis.</i><br/> 41. <b>Repoti.</b><br/> 42. <i>Hehe pun kajenge.</i><br/> 43. <b>Rajin hehe.</b><br/> 44. <i>Hehe ngih.</i><br/> 45. <b>Niki pun dangu ngonteniki nopo pas hamil mawon?</b><br/> 46. <i>Kulo ki ket sak ngajenge hamil dadose, sek ngajenge hamil padanine opo yo, begitu niku lulus seking wetan ujian niko rampung tesih ten wetan, ujian langsung mriki ngih dadine niku sampun SMP ngonteniku.</i><br/> 47. <b>Tapi nek mulai niki nyapu-nyapu niku ket cilik?</b><br/> 48. <i>Ket cilik, ket cilik ngih pun dangu ket boten dumeh kulo sek hamil niki kebiasaan dadine ten wetan riyen ngih ngonteniku hehe ket ten wetan ngonteniku ngulon wetan dadi nek pas bulan riko yo mriko weruh uwoh ngih sek-sek nyapu nopo gaweane mboten akon hehe ha ngih ten riki soyo meneh omahe hehe.</i><br/> 49. <b>Ngerti hehe.</b><br/> 50. <i>Enggih hehe.</i><br/> 51. <b>Lha niki simbah morotuo ngih sok larang-larang ten pasar nopo kegitan nopo boten?</b><br/> 52. <i>Wo ngih mung mendel mawon lah nek riko ki nek ten pasar mung ngih boten anu nek kari karepe</i></p> | <p>Anak pertama menerima kehadiran adiknya<br/> W12/ Mawar: 36</p> <p>Aktivitas rumah tangga dibantu anak<br/> W12/ Mawar: 43-47</p> <p>Anak mandiri dari kecil<br/> W12/ Mawar: 63-66</p> <p>Mertua tidak melarang informan bekerja</p> |
|--|--|

|  |  |  |
|--|--|--|
| 289. | <i>Nek sing ketelu iki sing repot nek sing kedua we</i>  |   |
| 290. | <i>hehe</i>  |   |
| 291. | <b>Lha ngopo kok ngroso repot? lha biyen nek iku bar melahirkan langsung menyusui po disambung ngono kui mbak?</b> |   |
| 292. |  |   |
| 293. | <i>Langsung menyusui</i>   |   |
| 294. | <b>Lha ngopo ra wedi lemu?</b>   | Menyusui adalah kewajiban                       |
| 295. |  | W17/Asri: 297-299                               |
| 296. | <i>Ora, biasa mbak kewajiban ibu dadi ibu nek</i>  |   |
| 297. | <i>wis ngrasakke melahirkan ki anu mbak ra duwe</i>  |   |
| 298. | <i>menyusui po kepiye wis netral kewajipane.</i>   |   |
| 299. | <b>Sing kedua juga ya?</b>   |   |
| 300. |  |   |
| 301. | <i>He.e</i>  |   |
| 302. | <b>Biyen pas hamil kedua iku berapa bulan iku mbak?</b>  | Pertama kali tahu hamil kedua                   |
| 303. |  |   |
| 304. | <i>1 bulan, 1 bulan pirang dino aku lali</i>   |   |

|  |   |  |
|--|---|--|
| <p>305.<br/>306.<br/>307.<br/>308.<br/>309.<br/>310.<br/>311.<br/>312.<br/>313.<br/>314.<br/>315.<br/>316.<br/>317.<br/>318.<br/>319.<br/>320.<br/>321.<br/>322.<br/>323.<br/>324.<br/>325.<br/>326.<br/>327.<br/>328.<br/>329.<br/>330.<br/>331.<br/>332.<br/>333.<br/>334.<br/>335.<br/>336.<br/>337.<br/>338.<br/>339.<br/>340.<br/>341.<br/>342.<br/>343.<br/>344.<br/>345.<br/>346.<br/>347.<br/>348.<br/>349.<br/>350.</p> | <p><b>Wis nde feeling ngono po wis dadi padahal sing pertama kan 6 bulan hehe</b><br/> <i>He.em lha nek sing kan ki wis bar melahirkan ki anu tho mbak pernah</i><br/> <b>Bar telat langsung anu iku di...</b><br/> <i>Tes hehe</i><br/> <b>Hehe langsung neng bidan opo piye bar ngerti kui?</b><br/> <i>Bidan bar nang bidan</i><br/> <b>Hehe piye mbak</b><br/> <i>Yo rutin prikso</i><br/> <b>Bar ngerti kui piye rasane? bar ngerti hamil</b><br/> <i>Seneng wae lanang po wedok hehe mugo-mugo lanang wis nde wedok tek'e hehe</i><br/> <b>Nek biyen anak pertama pingine lanang po wedok mbak?</b><br/> <i>Lanang hehe</i><br/> <b>Tapi malah metu wedok makane pengen sing kedua lanang ngono yo?</b><br/> <i>He.em</i><br/> <b>Bar ngerti ternyata lanang piye mbak?</b><br/> <i>Wis wis melahirkan ngerti wis melahirkan dadi seneng</i><br/> <b>Dadi ora ngerti yo pas USGne?</b><br/> <i>Ora mbak wong pas USG bobot ki ra ketok yoan</i><br/> <b>Lho emang pirang bulan mbak USG?</b><br/> <i>Enem po yo</i><br/> <b>Tapi ra helem ngetokke hehe</b><br/> <i>Sing ketiga wingi yo ra ketok mbak USG</i><br/> <b>Dadi penasaran?</b><br/> <i>Hehe</i><br/> <b>Lha biyen iku pas kelahiran kedua lara banget yo? biyen ono sing dipikirke selain donga terus?</b><br/> <i>Opo tho rek mikir opo tho nek melahirkan ki ming ngrasakke lara hehe</i><br/> <b>Hehe tapi ditunggoni yo?</b><br/> <i>He.em ditunggoni simbok, simbok mertuo simbok hehe</i><br/> <b>Pengen pancen pengen ditunggoni ngono kui?</b><br/> <i>Yo maune ra pengen pene ning rak kui kemau do nunggoni</i><br/> <b>Hehe ning anu neng omah opo neng bidan?</b><br/> <i>Rumah sakit</i></p> | <p>W17/Asri: 304</p> <p>Informan ingin anak kedua laki-laki karena anak pertama perempuan<br/>W17/Asri: 317-318</p> <p>Informan senang anak kedua laki-laki<br/>W17/Asri:326-327</p> <p>Selama proses persalinan informan tidak berpikir apa-apa karena merasa sakit<br/>W17/Asri: 340-341</p> |
|--|---|--|

|  |  |   |
|--|--|---|
| <p>351.<br/>352.<br/>353.<br/>354.<br/>355.<br/>356.<br/>357.<br/>358.<br/>359.<br/>360.<br/>361.<br/>362.<br/>363.<br/>364.<br/>365.<br/>366.<br/>367.<br/>368.<br/>369.<br/>370.<br/>371.<br/>372.<br/>373.<br/>374.<br/>375.<br/>376.<br/>377.<br/>378.<br/>379.<br/>380.<br/>381.<br/>382.<br/>383.<br/>384.<br/>385.<br/>386.<br/>387.<br/>388.<br/>389.<br/>390.<br/>391.<br/>392.<br/>393.<br/>394.<br/>395.<br/>396.</p> | <p><b>Rumah sakit o sing pertama juga ning rumah sakit</b><br/><i>Pertama di rumah</i><br/><b>O lha ngopo</b><br/><i>Dukun</i><br/><b>Hehe lha ngono sing pertama nang ngomah malah sing kedua ning rumah sakit?</b><br/><i>Pertamane neng bidan, bidan lungo tho mbak bablas mudhun</i><br/><b>Tapi ra ono kepikiran opo ngono kui rak?</b><br/><i>Tidak, normal kabeh.</i><br/><b>Khawatir ora mbak nek ngono?</b><br/><i>Wong hamil ki yo khawatire anu mbak anake cacat hehe ming kui kok pikirane hamil ki wedine ming nek anake cacat, wis ngono kui hehe</i><br/><b>Kui sak durunge nglairke yo?</b><br/><i>He.em</i><br/><b>Sik anak pertama?</b><br/><i>He.em Pikirane mung ngono kui wedine ming nek kui hehe pikirane.. ojo digoceki mengko ndak tibo</i><br/><b>Hehe lucu</b><br/><i>Ampun heh</i><br/><b>Nek anak ketiga wingi piye mbak?</b><br/><i>Biasa mbak yoan hehe ning yo wedi paling wedi yo sing nomer telu lete ra suwe tho mbak pikirane ngrasakke lara wingi isik kelingan le lara</i><br/><b>Ternyata lara tenan?</b><br/><i>Yo isik lara sing hehe dua hehe</i><br/><b>Padahal sing tiga cowok juga yo?</b><br/><i>Ho.o</i><br/><b>Tapi luwih gampang sing..</b><br/><i>He.em luwih gampang ketiga</i><br/><b>Berapa jam kui anune pembukaan dari pembukaan pecah ketuban nganti iku suwe ora?</b><br/><i>Cepet mbak anune krosone Magrib kae boyoke pegel-pegel kae abot ngasi Subuh, Subuh wis soyo parah le lara hehe terus mangkat medhun ngampiri simbok, simbok wetan simbok ndadak Subuh ndadat ngono kae terus tekan kono jam piro kae setengah enem langsung lair ra ngasek pirang menit neng kono langsung lair</i><br/><b>Cepet yo hehe</b></p> | <p>Informan khawatir jika anak cacat<br/>W17/Asri: 363-366</p> <p>Informan merasa takut saat kehamilan ketiga karena masih ingat rasa sakit saat persalinan kedua<br/>W17/Asri: 376-379</p> |
|--|--|---|

|      |  |  |
|------|--|--|
| 397. | <i>Ra ngasek pirang menit neng kono lair</i>                 |  |
| 398. | <b>Ditahan ki ngopo e hehe ora di anu...</b>                 |  |
| 399. | <i>Nek neng rumah sakit podho wae tho mbak nek</i>           |  |
| 400. | <i>rung bukak iki bukak iki wis podho wae</i>                |  |
| 401. | <i>ngrasakke tenang nang ngomah yo iku nek</i>               |  |
| 402. | <i>pisan ngono kae gi hehe luwih pengalaman kui</i>          |  |
| 403. | <i>mau hehe</i>  |  |
| 404. | <b>Hehe pengalaman</b>                                       |  |
| 405. | <i>Pengalaman le tuwo ndisik ngene ki apike</i>              |  |
| 406. | <i>ngene ki kok yo ngono hehe</i>                            |  |
| 407. | <b>Hehe biyen le pertama kedua yo ngono kui</b>              |  |
| 408. | <b>cepat-cepet juga yo?</b>                                  |  |
| 409. | <i>Yo kui mau sik nomer loro sik nek sing nomer</i>          |  |
| 410. | <i>siji ra tek lara mbak malahan sing nomer loro</i>         |  |
| 411. | <i>sing</i>  |  |
| 412. | <b>Lara tapi cepet yo</b>                                    |  |
| 413. | <i>Ya</i>  |  |
| 414. | <b>Khawatir ora mbak pas iku kok ora lair-</b>               |  |
| 415. | <b>lair?</b>   |  |
| 416. | <i>He.em</i>   |  |
| 417. | <b>Iki berarti mundur opo maju mbak?</b>                     |  |
| 418. | <i>Ma mundur</i>   |  |
| 419. | <b>Mundur</b>  |  |
| 420. | <i>Kae ndah, ngih. <u>kesundulan mbak dadine ra</u></i>      |  |
| 421. | <i><u>ngerti le hamil ki berapa bulan ra ngerti ming</u></i> |  |
| 422. | <i><u>dikiro-kiro terus</u></i>                              |  |
| 423. | <b>Ternyata HPLe mundur yo?</b>                              |  |
| 424. | <i><u>Karo bidane yo wis di kae diprotes kon medhun</u></i>  |  |
| 425. | <i><u>kon priksa tapi aku mikire yah maune anu</u></i>       |  |
| 426. | <i><u>wedine nek diceasar ndisik normal kabeh sisan</u></i>  |  |
| 427. | <i><u>lah dienteni sak malah sebulan keru malah ra</u></i>   |  |
| 428. | <i><u>tau priksa aku kan seharusnya minimal dua anu</u></i>  |  |
| 429. | <i><u>dua minggu sekali ning malah ra tau priksa</u></i>     |  |
| 430. | <i><u>wedi kemau mergane nek gowo medhun tetep</u></i>       |  |
| 431. | <i><u>kon ceasar mbak nek wis HPL ngono kui wis</u></i>      |  |
| 432. | <i><u>manut HPL sing maune ning rak wediku kui</u></i>       |  |
| 433. | <i><u>mau diceasar kemau wis mah ra priksa wae</u></i>       |  |
| 434. | <i><u>tenang wae nek rung kroso rung rek neng</u></i>        |  |
| 435. | <i><u>rumah sakit hehe</u></i>                               |  |
| 436. | <b>Berarti iku suami yo ra ngongkon kono</b>                 |  |
| 437. | <b>priksa ngono kui ora yo?</b>                              |  |
| 438. | <i>Ora priksa bojone wis ngerti kui mau lho mbak</i>         |  |
| 439. | <i>“ha kui ki nek ora ngono kui we aku malah</i>             |  |
| 440. | <i>wedi gek langsung tak jak priksa ngono” hehe</i>          |  |
| 441. | <i>“ngono kui wis ra ngopo-ngopo rek kroso</i>               |  |
| 442. | <i>rasah” hehe ngono mantep dadine wong loro</i>             |  |
|      |  | HPL mundur karena tidak tahu kepastian umur kandungan<br>W17/Asri: 420-422<br>Informan tidak mau periksa kehamilan meskipun HPL mundur<br>W17/Asri: 424-430<br><br>Informan takut ceasar & merasa tenang di rumah<br>W17/Asri: 431-435 |

|      |  |   |
|------|--|---|
| 443. | <i>wis mantep. Mbakyu-mbakyuku yo wis khawatir yo ngandani terus ngono kae ngasek do jengkel</i> |   |
| 444. | <i>kae mbakyu-mbakyuku ning rak aku mantepku</i>   |   |
| 445. | <i>yo kui mau pokoke nek rung kroso rung hehe</i>  |   |
| 446. | <i>wong normale nek wong melahirkan rak tetep</i>  |   |
| 447. | <i>kroso tho mbak</i>  |   |
| 448. | <b>Anu sing ngrasakke awake dewe mikire</b>  |   |
| 449. | <b><u>He.em bayine sing ngrasakke aktif tho mbak</u></b>   | Informan tidak khawatir<br>HPL mundur<br>W17/Asri: 450-454              |
| 450. | <b><u>dadine ra semelang nek telat opo kepiye ngonoi</u></b>                                     |   |
| 451. | <b><u>gerake ki nek prikso rek goleki doktere, dokteri</u></b>                                   |   |
| 452. | <b><u>ngasek mumet le mubeng-mubeng ngetutke</u></b>   |   |
| 453. | <b><u>hehe</u></b>   |   |
| 454. | <b>Tapi lucu yo</b>  |   |
| 455. | <i>He.em</i>   |   |
| 456. | <b>Pirang anu pirang dino neng rumah sakit</b>   |   |
| 457. | <b>wingi?</b>  |   |
| 458. | <i>1 hari</i>  |   |
| 459. | <b>1 hari? lha kok cepet banget...</b>   |   |
| 460. | <i>Normal langsung pulang mbak</i>   |   |
| 461. | <b>O langsung pulang.</b>  |   |
| 462. | <i>Sing penting bayine sudah pipis sudah eek</i>   |   |
| 463. | <i>langsung pulang</i>   |   |
| 464. | <b>Dadi langsung nyekel bayine yo?</b>   |   |
| 465. | <i>He.e</i>  |   |
| 466. | <b>Sing biyen-biyen yo ngono?</b>  |   |
| 467. | <i>He.e</i>  |   |
| 468. | <b>Langsung lego pas ngerti bayine?</b>  |   |
| 469. | <i>Hehe</i>  |   |
| 470. | <b>Anu ora mbak koyo tonggo-tonggo tilik</b>   |   |
| 471. | <b>ndene ra bar le bar melahirkan?</b>   |   |
| 472. | <i>Ho.o</i>  |   |
| 473. | <b>Rasane piye mbak nek di di...</b>   | Informan senang tetangga<br>menengok bayi informan<br>W17/Asri: 475-476 |
| 474. | <b><u>Seneng tonggo-tonggone moro seneng do</u></b>  |   |
| 475. | <b><u>ndelok bayi</u></b>  |   |
| 476. | <b>O seneng tek'e anu ndelok bayine opo tek'e</b>  |   |
| 477. | <b>seneng...</b>   | Informan senang karena<br>tetangga perhatian<br>W17/Asri: 479-481       |
| 478. | <b><u>Yo diparani kui mbak parani yo nek wong ra</u></b>   |   |
| 479. | <b><u>seneng ra bakalan do teko ra bakalan moro</u></b>  |   |
| 480. | <b><u>bayi yo mung koyo ngono kae ngono nek hehe</u></b>   |   |
| 481. | <b>Hehe biyen pas awal-awal kondisi</b>  |   |
| 482. | <b>keluargane piye mbak mungkin dari segi</b>  |   |
| 483. | <b>keuangan mungkin kurang opo...</b>  |   |
| 484. | <i>Maune normal opo yo, kono lumayan kene</i>  |   |
| 485. | <i>lumayan yo ra sugih ra kere ngono lho mbak</i>  |   |
| 486. | <i>lha pas anune kui bar kecelakaan tho bojoku</i>   |   |
| 487. | <i>tabrakan tho ra patek duwe wis eneng-eneng</i>  |   |
| 488. |  |   |

|      |   |  |
|------|---|--|
| 489. | <i>lemah entek lemah ngoyak nyowo kui mau</i>             |  |
| 490. | <i>mbak akire yo slamet kabeh slamet trus agek</i>        |  |
| 491. | <i>nikahan suwe mbak suwe pirang bulan okeh</i>           |  |
| 492. | <i>bulan</i>  |  |
| 493. | <b>Berarti iki sak durunge nikah?</b>                     |  |
| 494. | <i>Sak durunge nikah kecelakaan njuk kui ngrawat</i>      |  |
| 495. | <i>kui tho aku ngasek mari trus mari agek nikah,</i>      |  |
| 496. | <i>kae adine ndak kakine ketekuk</i>                      |  |
| 497. | <b>Mesakke ngopo po mbak? hehe</b>                        |  |
| 498. | <i>Iyo yo liyane aku yo wis tinggal lungo jodokke</i>     |  |
| 499. | <i>pisan iyo tho?</i>                                     |  |
| 500. | <b>He.e hehe he.em</b>                                    |  |
| 501. | <i>Rekoso pisan, raine elek pisan hehe</i>                |  |
| 502. | <b>Hehe lha pingine sik kepiye nek pingine</b>            |  |
| 503. | <b>asline entuk suami sing kepiye mungkin dari</b>        |  |
| 504. | <b>sifat opo mungkin dari penampilane?</b>                |  |
| 505. | <i>Maksute nek bar tibo nak rusak rai ki kakie</i>        |  |
| 506. | <i>patah, gigie pothong semua</i>                         |  |
| 507. | <b>Parah banget yo?</b>                                   |  |
| 508. | <i>He.em</i>  |  |
| 509. | <b>Tapi tetep ditrimo ya? hehe</b>                        |  |
| 510. | <i><u>Iyo mbak mesakake mosok kahanan koyo ngono</u></i>  |  |
| 511. | <i><u>arep ditinggal mesakke tho yoan wong nek</u></i>    |  |
| 512. | <i><u>liyane mungkin hehe melarikan diri ning rak</u></i> |  |
| 513. | <i><u>ndelok kahanane ngono kui mesakake</u></i>          |  |
| 514. | <b>Mesakke kui karo mas Pure opo keluargane</b>           |  |
| 515. | <b>kui?</b>   |  |
| 516. | <i>Kabeh, wis anak siji, barang-barang entek</i>          |  |
| 517. | <i>mesakke tho mbak yoan gek engko isik arek</i>          |  |
| 518. | <i>ditinggal koyo ngopo gek'an</i>                        |  |
| 519. | <b>Anu ora...</b>   |  |
| 520. | <i>Mbokne we mbokne angger weruh semaput</i>              |  |
| 521. | <i>weruh raine semaput terus mbak ket neng</i>            |  |
| 522. | <i>rumah sakit nger weruh semaput gek rek</i>             |  |
| 523. | <i>nguruse kepiye nek hehe gur siji meneh</i>             |  |
| 524. | <b>Hehe berarti biyen mbak Asri sing ngurusi?</b>         |  |
| 525. | <i>Iyo ngurusi</i>  |  |
| 526. | <b>O perhatian yo, berarti biyen pernikahane</b>          |  |
| 527. | <b>diundur?</b>   |  |
| 528. | <i>He.e</i>   |  |
| 529. | <b>Pirang taon mbak e pirang sasi mbak bar</b>            |  |
| 530. | <b>kecelakaan nganti nikah?</b>                           |  |
| 531. | <i>Lali je mbak</i>                                       |  |
| 532. | <b>O tapi suwe diundur?</b>                               |  |
| 533. | <i>Ho.o suwe sampek dene wong ra seneng ngono</i>         |  |
| 534. | <i>kae perempuan rung nikah wis ndene sing</i>            |  |

Informan merasa kasihan sehingga tetap mau menikah meskipun tidak suka  
W17/Asri: 510-513



|      |  |   |
|------|--|---|
| 535. | <i>lanang terus sing ngono kae ning mosok wong</i>   |   |
| 536. | <i>lara rek ngopo? hehe</i>                          |   |
| 537. | <b>Hehe</b>  |   |
| 538. | <i>Ngurusi sik lara ngono gek diomong-omong</i>      |   |
| 539. | <i>hamil sipek gek ngono mbak yoan rak kabeh</i>     |   |
| 540. | <i>ono buktine le Kuoso luwih mat hehe</i>           |   |
| 541. | <b>Bart di anu bar diomongi karo liyane piye</b>     |   |
| 542. | <b>rasane?</b>                                       |   |
| 543. | <i>Yo lara yo mbak ning rak yo men direwangi</i>     |   |
| 544. | <i>ngopo-ngopo sing ngerti rak sing Kuoso,</i>       |   |
| 545. | <i>keluarga-keluarga kui yo mesakke mbak yo isin</i> |   |
| 546. | <i>yo ngono tho mbak keluargane, aku kan cah</i>     |   |
| 547. | <i>wedok nek koyo wongtuaku gek dirasani ngene-</i>  |   |
| 548. | <i>ngene hehe “wis mbok metu yung”</i>               |   |
| 549. | <b>Lara ati tek’e keluargane juga koyo istilaha</b>  |   |
| 550. | <b>koyo opo yo harga dirine kan diomongi tho...</b>  |   |
| 551. | <i>He.em</i>   |   |
| 552. | <b>Kan keluarga juga ngrasakke harga diri</b>        |   |
| 553. | <b>keluarga wis cemar kui..</b>                      |   |
| 554. | <i>He.e</i>  |   |
| 555. | <b>Tek’e kui opo tek’e gara-gara kroso</b>           |   |
| 556. | <b>omongan kui dadi mung gara-gara awake</b>         |   |
| 557. | <b>dewe ngono lho opo tek’e sakit hati tek’e iku</b> |   |
| 558. | <b>keluargane mbak Asri lara ati?</b>                |   |
| 559. | <i>Yo awake dewe yo ngrasakke lara ati tho mbak</i>  |   |
| 560. | <i>nek diomong-omongke ngono kui ojo meneh</i>       |   |
| 561. | <i>keluargane ojo meneh keluargaku ngono lho</i>     |   |
| 562. | <i>melu ngarasakke</i>                               |   |
| 563. | <b>Padahal pingine yo nek lara aku dewe ngono</b>    |   |
| 564. | <b>yo?</b>   |   |
| 565. | <i>He.em hehe</i>                                    |   |
| 566. | <b>Hehe tapi untunge keluargane anu yo do</b>        |   |
| 567. | <b>kuat ngono?</b>                                   |   |
| 568. | <i>He.em</i>   |   |
| 569. | <b>Sing berarti sing nguatke ngono ki keluarga</b>   |   |
| 570. | <b>yo?</b>   |   |
| 571. | <i>Iyo mbak opo-opo ki keluarga, keluarga</i>        |   |
| 572. | <i>untunge keluargaku kono sante perhatian ro</i>    |   |
| 573. | <i>aku</i>   |   |
| 574. | <b>Hehe sak iki misal ono masalah sing</b>           |   |
| 575. | <b>marakke mbak Asri kuat opo mbak masalah</b>       |   |
| 576. | <b>keluarga ngene iki sing marakke kuat ki</b>       |   |
| 577. | <b>opo?</b>  |   |
| 578. | <i>Anak</i>  |   |
| 579. | <b>Hehe anak yo?</b>                                 |   |
| 580. | <i>He.em Anak karo wongtuo engko nek aku nde</i>     |   |
|      |  | Informan merasa sakit hati jadi gunjingan tetangga W17/Asri: 559-562          |
|      |  | Keluarga sebagai penguat ketika sedang terjadi merasa sedih W17/Asri: 571-573 |
|      |  | Anak dan orangtua sebagai penguat ketika informan                             |

|      |   |                            |
|------|---|----------------------------|
| 581. | <u>masalah karo bojoku engko aku mikirke neng</u>     | ada masalah                |
| 582. | <u>wongtuane nek aku ngene-ngene wongtuaku</u>        | W17/Asri: 580-585          |
| 583. | <u>piye mesakake tur wongtuane karo aku wis</u>       |                            |
| 584. | <u>sayang banget tho mbak dadine kui garek anu</u>    |                            |
| 585. | <u>kui</u>  |                            |
| 586. | <b>Paling nek ra nde anak paling bedo meneh</b>       |                            |
| 587. | <b>yo?</b>  |                            |
| 588. | <i>Wis suwe dupeh meneh eneng masalah opo</i>         |                            |
| 589. | <i>hehe</i>   |                            |
| 590. | <b>Iyo</b>  | Informan selalu            |
| 591. | <u>Ning untunge nek aku yo rung anu mbak mikire</u>   | memikirkan keluarga ketika |
| 592. | <u>ra semudah itu ngono mbak arepo nikah</u>          | memutuskan sesuatu         |
| 593. | <u>dijodokke nikah ngono kae ki pikirane wis rep</u>  | W17/Asri: 591-98           |
| 594. | <u>mikir panjang keluarga sing dipikir wongtuaku</u>  |                            |
| 595. | <u>koyo ngopo nangung isin hehe ngono kui tho</u>     |                            |
| 596. | <u>mbak kan nek wongtuoku yo terserah anake</u>       |                            |
| 597. | <u>piye ning rak sing koyo anak mikire wongtuaku</u>  |                            |
| 598. | <u>piye perasaane piye ngono</u>                      |                            |
| 599. | <b>Dadi biyen ngono tek'e mikir keluarga?</b>         |                            |
| 600. | <i>He.em</i>  |                            |
| 601. | <b>Betah ora mbak neng kene?</b>                      |                            |
| 602. | <i>Betah hehe</i>                                     |                            |
| 603. | <b>Hehe tek'e mertua apik ngono...</b>                |                            |
| 604. | <i>Iyo</i>  |                            |
| 605. | <b>Opo lingkungane sing penak ngono?</b>              | Lingkungan tidak membuat   |
| 606. | <u>Lingkungan ki ra dadi jaminan mbak sak iki</u>     | informan bahagia           |
| 607. | <u>lingkungan ki mengko nek aku susah do</u>          | W17/Asri: 606-612          |
| 608. | <u>nggeguyu engko nek injoh maem do diarani</u>       |                            |
| 609. | <u>nggo pesugihan yo ngono kui tho mbak nek</u>       |                            |
| 610. | <u>wong anu sengit mengko injoh tuku opo sengit</u>   |                            |
| 611. | <u>do ngono kui mbak nek uwong ki ora koyo</u>        |                            |
| 612. | <u>wong kota terserah</u>                             |                            |
| 613. | <b>Luwah hehe</b>                                     |                            |
| 614. | <i>He.e sugih karepmu dewe karepmu ning kene</i>      |                            |
| 615. | <i>ngono kui ra iso mangan do diolok-olok injoh</i>   |                            |
| 616. | <i>mangan di anu hehe</i>                             |                            |
| 617. | <b>O tapi iku yo mertuane iso apik ngono yo</b>       |                            |
| 618. | <b>hehe. adik.</b>                                    | Mertua lebih sayang        |
| 619. | <u>Nek mertuaku kene gur ono masalah opo ngono</u>    | informan daripada anak     |
| 620. | <u>genah upomone rek tekane cerai ngono kui</u>       | W17/Asri: 619-622          |
| 621. | <u>anake sing lungo aku sing kudu ning kene sik</u>   |                            |
| 622. | <u>dimong</u>   |                            |
| 623. | <b>Hehe luwih sayang karo mbak Asri</b>               |                            |
| 624. | <b>mertuane.</b>                                      |                            |
| 625. | <i>Kan ngerti kebiasaane ki lho mbak ngerti</i>       |                            |
| 626. | <i>kulinane koyo aku ra tau gelem masalah ra tau.</i> |                            |

|      |  |  |
|------|--|--|
| 627. | <i>emoh teke wae nek emoh</i>  |  |
| 628. | <b>Hehe lucu, ndelokke masalah iso ilang kabeh yo hehe.</b>  |  |
| 629. | <i>Hehe</i>  |  |
| 630. | <i>Hehe</i>  |  |
| 631. | <b>Nek misal karo tonggo-tonggo kene berarti ora terlalu iki banget cerak-cerak banget ngono?</b>  |  |
| 632. | <i>He.em</i>   |  |
| 633. | <b>Tapi nek karo anak cerak tho mbak? mesti anu yo mesti kumpul yo?</b>  |  |
| 634. | <i>Ho.o yo</i>   |  |
| 635. | <b>Iku mertua ketoke sayang yo karo..</b>  |  |
| 636. | <i>He.em malah dekat</i>   |  |
| 637. | <b>Mestine</b>   |  |
| 638. | <i>Awas, awas arep nututi Ninda kae mau. hehe</i>  |  |
| 639. | <b>Hehe. Iki mertuane mbak Asri piye iki kan wingi ngomonge stroke yo?</b>   |  |
| 640. | <i>He.em</i>   |  |
| 641. | <b>Saiki isih anu?</b>   |  |
| 642. | <i>Yo wis nek didudukke wis injoh duduk</i>  |  |
| 643. | <b>Piye mbak rasane mertuane wis apik ngono?</b>   |  |
| 644. | <i>Yo lumayan jane ra patek hehe</i>   |  |
| 645. | <b>Hehe tapi isih sok anu opo rutin anu terapi ngono kui?</b>  |  |
| 646. | <i>Ora mbak doktere kono wis pasrah sok ming terapi nang ngomah alternatif</i>   |  |
| 647. | <b>Sing penting iso apik</b>   |  |
| 648. | <i>He.em. hehe. Mesakke mbak nek ditekke wae.</i>  |  |
| 649. | <i>Pendet, dipendet, pendet</i>  |  |
| 650. | <b>Nek biyen pas iku anak pertama biyen berarti persiapane luwih anu yo misal koyo perlengkapan bayi opo-opo kudu komplit ngono?</b>   |  |
| 651. | <i>He.em hehe</i>  |  |
| 652. | <b>Lha ngopo mbak kok ngono anu kok iso pengen nyiapke ngono?</b>  |  |
| 653. | <i>Ha anak pertama tur anu tho mbak ndisik ki ekonomi anjlok-anjloke anak pertama ki malah ra terlalu nuntut anu yo ming dinei kui sedulur-sedulur ngono seken-seken ngono kui</i> |  |
| 654. | <b>Lha anak kedua karo ketiga piye?</b>  |  |
| 655. | <i>Anak kedua iki lumayan ekonomine yo terjamin sing pertama sing hehe terpuruk hehe</i>   |  |
| 656. | <b>Sing ketiga iki yo wis anu mulai membaik meneh yo?</b>  |  |
| 657. | <i>He.em</i>   |  |
| 658. |  |  |
| 659. |  |  |
| 660. |  |  |
| 661. |  |  |
| 662. |  |  |
| 663. |  |  |
| 664. |  |  |
| 665. |  |  |
| 666. |  |  |
| 667. |  |  |
| 668. |  |  |
| 669. |  |  |
| 670. |  |  |
| 671. |  |  |
| 672. |  |  |

|      |   |                           |
|------|---|---------------------------|
| 673. | <b>Anak ngowo rejeki hehe</b>                                 |                           |
| 674. | <i>He.em</i>  |                           |
| 675. | <b>Percoyo ora nek ngono kui?</b>                             | Informan percaya anak     |
| 676. | <u><i>Percoyo mbak ket pertama ndisik ki opo yo</i></u>       | bawa rejeki               |
| 677. | <u><i>pancen wis rejeki ono wae ngono lho mbak</i></u>        | W17/Asri: 676-680         |
| 678. | <u><i>butuh opo ngono kui mesti yo entuk ngono lho</i></u>    |                           |
| 679. | <u><i>opo-opo mesti kadang pikirane ngendi le entuk,</i></u>  |                           |
| 680. | <u><i>ngendi le entuk hehe</i></u>                            |                           |
| 681. | <b>Tapi kroso yo rejeki soale kan ono sing</b>                |                           |
| 682. | <b>ngeluh terus ngono kui mbak Asri ora yo?</b>               |                           |
| 683. | <i>Ora</i>  |                           |
| 684. | <b>Hehe</b>   |                           |
| 685. | <i>Arep ngeluh ro sopo</i>                                    |                           |
| 686. | <b>Hehe iyo e ketoke ceria terus e</b>                        |                           |
| 687. | <i>Hehe</i>   |                           |
| 688. | <b>Ibue mbak Asri yo ngomong thonek misal</b>                 |                           |
| 689. | <b>ono masalah mesti ra ketok, ceria</b>                      | Informan tidak pernah     |
| 690. | <u><i>Mbak aku soale nek nde masalah ngono ra tau</i></u>     | menceritakan masalah pada |
| 691. | <u><i>omongke wongtuaku aku mung ngono ming</i></u>           | orangtuanya               |
| 692. | <u><i>susah, susah hehe ngopo yoan nggo dewe hehe</i></u>     | W17/Asri: 690-692         |
| 693. | <b>Yakin bakal berakhir, mebaik ngono yo?</b>                 |                           |
| 694. | <b>He.em. ra penting binder ki duit ki dicelengi</b>          |                           |
| 695. | <b>maune nggo ngopo nek ngono kui? ho nak</b>                 |                           |
| 696. | <b>ming dolanan tho? PR cerita arek...</b>                    |                           |
| 697. | <i>Hehe</i>   |                           |
| 698. | <b>Rewel ora tho?</b>   |                           |
| 699. | <i>Nek bengi mbak hehe nek awan turu terus</i>                |                           |
| 700. | <b>Ra iso istirahat no? hehe piye iki ora iso</b>             |                           |
| 701. | <b>istirahat rasane?</b>                                      |                           |
| 702. | <i>Hehe</i>   |                           |
| 703. | <b>Nek perubahan biyen bar wal-wal nikah</b>                  |                           |
| 704. | <b>karo saiki kroso ora mbak?</b>                             |                           |
| 705. | <i>Maksute?</i>   |                           |
| 706. | <b>Mungkin dari keuangan dadine soyo seneng</b>               |                           |
| 707. | <b>opo rasane soyo susah?</b>                                 | Informan terfokus pada    |
| 708. | <u><i>Yo soyo keuangane membaik yo rodo lumayan</i></u>       | anak                      |
| 709. | <u><i>tho mbak kan pikirane gur neng anak, anake</i></u>      | W17/Asri: 708-713         |
| 710. | <u><i>mengko nde tabungan, ijoh sekolah nyekolahke</i></u>    |                           |
| 711. | <u><i>anak, ndisik rek nyekel we ra duwe hehe saiki</i></u>   |                           |
| 712. | <u><i>wis lumayan opo sing dipingini yo wis elek-elek</i></u> |                           |
| 713. | <u><i>wis hehe duwe</i></u>                                   |                           |
| 714. | <b>Dadi kudu disyukuri ngono po?</b>                          | Informan bersyukur        |
| 715. | <u><i>He.em banyak-banyak bersyukur hehe</i></u>              | W17/Asri: 715             |
| 716. | <b>Makane ketok ceria terus salah satune iku?</b>             |                           |
| 717. | <i>Yo nek kelingan sik biyen-biyen yo wis jauh</i>            |                           |
| 718. | <i>hehe biyen rek mangan we rekoso</i>                        |                           |

|      |  |                            |
|------|--|----------------------------|
| 719. | <b>Em tapi isih sok kelingan sik biyen-biyen?</b>            |                            |
| 720. | <i>Yo ho.o</i>   |                            |
| 721. | <b>Piye nek kelingan?</b>                                    | Informan khawatir pada     |
| 722. | <u><i>Yo nek ndisik ki yo, yo kemau saiki khawatire</i></u>  | suami jika banyak uang     |
| 723. | <u><i>wong wedok ki yo ming nek is nde duit yo</i></u>       | W17/Asri: 722-725          |
| 724. | <u><i>kemau ming bojone, saiki okeh anu tho mbak</i></u>     |                            |
| 725. | <u><i>ngerti dewe dunia maya hehe</i></u>                    |                            |
| 726. | <b>Gitu yo hehe. Iki arep nganu meneh sesuk</b>              |                            |
| 727. | <b>KB meneh berarti?</b>                                     | Informan ingin KB          |
| 728. | <u><i>He.em KB yo telu wae hehe</i></u>                      | W17/Asri: 728              |
| 729. | <b>Hehe ngopo?</b>   | Informan hanya ingin 2     |
| 730. | <u><i>Karepe rep loro wae hehe saiki</i></u>                 | anak                       |
| 731. | <b>Wedi loro ngono?</b>                                      | W17/Asri: 730              |
| 732. | <u><i>Yo disamping kui iyo mbak gek wis anake cilik-</i></u> | Anak masih kecil           |
| 733. | <u><i>cilik hehe</i></u>                                     | W17/Asri: 732-733          |
| 734. | <b>Tapi kan nek nde akan akeh kan rame kan</b>               |                            |
| 735. | <b>mbak? hehe</b>  |                            |
| 736. | <i>AHehe</i>   |                            |
| 737. | <b>Ora ya? hehe</b>  | Informan merasa repot jika |
| 738. | <u><i>Repot mbak okeh-okeh ki</i></u>                        | banyak anak                |
| 739. | <b>Iyo sih hehe tapi lucu nek pas cilik-cilik nek</b>        | W17/Asri: 738              |
| 740. | <b>wis gedhe sitik repot hehe</b>                            |                            |
| 741. | <i>Hehe</i>  |                            |
| 742. | <b>E mbak nek masalah iki hubungan intim iku</b>             |                            |
| 743. | <b>tetep rutin mbak?</b>                                     |                            |
| 744. | <i>Pripun?</i>   |                            |
| 745. | <b>Hubungan intim nek kayak geitu rutin tho?</b>             |                            |
| 746. | <i>Yo hehe</i>   |                            |
| 747. | <b>Ngaruh ora neng iku nek pas lagi ra pengen?</b>           |                            |
| 748. | <i>Yo podho wae mbak sok okeh memenge hehe</i>               |                            |
| 749. | <i>kewajiban rek piye meneh</i>                              |                            |
| 750. | <b>Tapi ra terbebani?</b>                                    |                            |
| 751. | <i>Rak</i>   |                            |
| 752. | <b>Tapi ra ngaruh juga yo neng anu..</b>                     |                            |
| 753. | <i>Ra</i>  |                            |
| 754. | <b>Ketoke iki ndisik mbak hehe nuwun yo</b>                  |                            |
| 755. | <b>mbak</b>  |                            |
| 756. | <i>Ngih</i>  |                            |

**VERBATIM WAWANCARA  
(KEY INFORMAN)**

Nama : Asri  
 Usia : 28 tahun  
 Pendidikan : SMP  
 Usia Kehamilan : 8 bulan  
 Kehamilan Ke- : 3 (tiga)  
 Tanggal Wawancara : 28 Maret 2015  
 Waktu : Siang hari  
 Lokasi Wawancara : Rumah Mertua  
 Alamat : Salam, Temuwuh  
 Tujuan Wawancara : Menggali informasi dukungan lingkungan pasca melahirkan, pengasuhan, dukungan sosial  
 Wawancara Ke- : 19 (sembilan belas)  
 Kode Wawancara : W19

| No  | Catatan Wawancara  | Analisis               |
|-----|--|------------------------|
| 1.  | <b>Neruske sik wingi mbak.</b>                             |                        |
| 2.  | <i>Hem</i>   |                        |
| 3.  | <b>Nek biyen pas lairan kae berati normal yo</b>           |                        |
| 4.  | <b>mbak yo?</b>  |                        |
| 5.  | <i>Normal</i>  |                        |
| 6.  | <b>Iki bedane karo sik biyen gampang rewel ora</b>         |                        |
| 7.  | <b>mbak sing saiki?</b>                                    |                        |
| 8.  | <i>Ora</i>   |                        |
| 9.  | <b>Ora, berarti ora anu yo, ora, ora susah?</b>            |                        |
| 10. | <i><u>Yo hehe sing nomer loro sing rewel</u></i>           | Anak kedua informan    |
| 11. | <b>Sing rewel malah nomer loro yo? hehe</b>                | rewel                  |
| 12. | <i>He.em</i>   | W19/Asri:10            |
| 13. | <b>Tapi sing nomer telu isih tetep ASI yo?</b>             |                        |
| 14. | <i>He.em</i>   |                        |
| 15. | <b>Ra disambi liyane?</b>                                  |                        |
| 16. | <i>Ra. pecah mengko</i>                                    |                        |
| 17. | <b>Nek iki sing opo sing ngasuh anak ketiga sopo</b>       |                        |
| 18. | <b>mbak? diasuh dhewe opo...</b>                           |                        |
| 19. | <i><u>He.em yo kadang cok eneng sing ngewangi hehe</u></i> | Ada yang membantu      |
| 20. | <i><u>kae lik.</u></i>                                     | informan mengasuh anak |
| 21. | <b>Lek o. tapi nek awan mingan?</b>                        | W19/Asri:19-20         |
| 22. | <i>He.em nek awan</i>                                      |                        |
| 23. | <b>Nek bengi ngono?</b>                                    |                        |
| 24. | <i>Bengi dhewe hehe</i>                                    |                        |
| 25. | <b>Dhewe yo hehe</b>                                       |                        |
| 26. | <i>Ho.o loro ngiwo tengen hehe</i>                         |                        |
| 27. | <b>Hehe koyo ribet ngono ra opo koyo susah ngono</b>       |                        |
| 28. | <b>ra?</b>   |                        |



|     |  |   |
|-----|--|---|
| 29. | <u>Yo ora mbak nek wis biasa biasa wae hehe</u>          | Informan tidak kerepotan merawat anak karena sudah biasa<br>W19/Asri: 29-31 |
| 30. | <u>ngempongi ngemiki, ngempongi ngemiki,</u>             |   |
| 31. | <u>ngempongi ngemiki hehe</u>                            |   |
| 32. | <b>Tapi nek sing keloro ora ASI meneh yo?</b>            |   |
| 33. | <i>He.em</i>   |   |
| 34. | <b>Sing ketelu yo?</b>                                   |   |
| 35. | <i>10 bulan le ASI hehe</i>                              |   |
| 36. | <b>Nek bengi ora sok rewel po?</b>                       |   |
| 37. | <u>Yo ora mbak anggere wis ngempong uwis</u>             | Anak ketiga tidak rewel<br>W19/Asri: 37                                     |
| 38. | <b>Berarti ora eneng keluhan piye ngono?</b>             |   |
| 39. | <u>Ora hehe alhamdulillah ki yo hehe nek ra pine</u>     | Informan beryukur anak  |
| 40. | <u>lara ngono kui ra rewel ning engko nek ono sing</u>   | ketiga tidak rewel<br>W19/Asri: 39-41                                       |
| 41. | <u>dirasakke lara ngono nek bengi nangis</u>             |   |
| 42. | <b>Piye mbak nek misal anake lara ngono rasane...</b>    |   |
| 43. | <u>Susah hehe anake cilik-cilik gek lara susah</u>       | Informan sedih jika anak  |
| 44. | <b>Tapi anu yo untunge ra rewel</b>                      | sakit karena masih kecil<br>W19/Asri: 43                                    |
| 45. | <u>He.em penekke sing keru</u>                           |   |
| 46. | <b>Anggel ora mbak nek sing ngrawat sing telu</b>        | Informan merasa lebih   |
| 47. | <b>iki?</b>  | mudah dan lebih enak  |
| 48. | <u>Ora mbak gampang malahan penakke bocahe</u>           | anak ketiga<br>W19/Asri: 45, 48-49  |
| 49. | <u>nomer telu ki</u>                                     |   |
| 50. | <b>Berarti ora anu yo...</b>                             |   |
| 51. | <u>Ora gampang lara ra sik nomer loro kae sik dilit-</u> | Anak kedua mudah sakit<br>W19/Asri: 51-52                                   |
| 52. | <u>dilit masuk angin hehe</u>                            |   |
| 53. | <b>Tapi anu rak pernah ngak kroso nde anak ki</b>        |   |
| 54. | <b>susah ngono gaweane kan biasane kan fokuse</b>        |   |
| 55. | <b>nang anak kerjaan liyane kan ora iki..</b>            |   |
| 56. | <i>He.em</i>   |   |
| 57. | <b>Kroso susah ora?</b>                                  |   |
| 58. | <u>Ora, ora mbak nek wis dilakoni ki penak-penak</u>     | Informan tidak terbebani  |
| 59. | <u>wae hehe</u>  | mengasuh anak<br>W19/Asri: 58-59  |
| 60. | <b>Penak wae hehe berarti ora terbebani ngono</b>        |   |
| 61. | <b>anake telu cilik-cilik?</b>                           |   |
| 62. | <u>Yo, yo ming nek cumleng ngono kui mbak le kroso</u>   | Informan merasa   |
| 63. | <u>nek terbebani ki hehe ndilalah wingi lara kabeh</u>   | terbebani saat mengasuh   |
| 64. | <u>giliran watuk pilek, watuk pilek hehe</u>             | anak ketika informan sakit<br>W19/Asri: 62-64                               |
| 65. | <b>Susah yo nek ngono hehe</b>                           |   |
| 66. | <i>He.em</i>   |   |
| 67. | <b>Tapi koyo pernah kroso nyesel ora nde anak</b>        |   |
| 68. | <b>telu iki?</b>   |   |
| 69. | <u>Ora mbak nek biyen dhek methenge yo hehe kok</u>      | Tidak ada penyesalan  |
| 70. | <u>metheng meneh tapi nek ning njobo ki wis ra</u>       | memiliki anak lagi setelah  |
| 71. | <u>eneng roso penyesalane enenge bersyukur</u>           | anak lahir<br>W19/Asri: 69-72   |
| 72. | <u>alhamdulillah nde anak meneh hehe</u>                 |   |
| 73. | <b>Kok kok anu iso bersyukur ngopo mbak?</b>             |   |
| 74. | <u>Lha kan yo anak lanang meneh, bocahe lemu,</u>        | Informan senang karena  |

|      |   |  |
|------|---|--|
| 75.  | <i>ndemenakake, nyawang seneng hehe</i>                   | memiliki anak laki-laki lagi & gemuk<br>W19/Asri: 74-75          |
| 76.  | <b>Seneng yo? hehe</b>                                    |  |
| 77.  | <i>He.em</i>  |  |
| 78.  | <b>Tapi nek misal iki kan di anu yo diwangi sing</b>      |  |
| 79.  | <b>opo sing ngasuh kan ora mbak Asri dhewe</b>            |  |
| 80.  | <b>ngono koyo kroso iki ra koyo bebani berkurang</b>      |  |
| 81.  | <b>opo malah kok malah wong liyo sing ngasuh</b>          |  |
| 82.  | <b>ngono kui?</b>   |  |
| 83.  | <i>Yo ora mbak wong gentenan tho yoan nek ngono</i>       | Informan bergantian saat mengasuh anak<br>W19/Asri: 83-87        |
| 84.  | <i>kui engko nek aku nyekel sing cilik udu sing gedhe</i> |  |
| 85.  | <i>hehe aku sing gedhe engko bobok barang sing</i>        |  |
| 86.  | <i>ngeloni aku sing ngempongi yo aku paling yo nek</i>    |  |
| 87.  | <i>awan ngene iki nek arep adus nek arep ngono kui</i>    |  |
| 88.  | <b>Berarti seneng yo eneng sing ngewangi?</b>             |  |
| 89.  | <i>He.em masak ngono nak lik hehe</i>                     | Informan senang ada yang membantu memasak<br>W19/Asri: 89        |
| 90.  | <b>Ibu karo anu karo suami yo podho ngewangi</b>          |  |
| 91.  | <b>ngono?</b>   |  |
| 92.  | <i>He.em ngewangi yoan srabutan</i>                       | Mertua dan suami ikut membantu mengasuh anak<br>W19/Asri: 92, 94 |
| 93.  | <b>Hehe srabutan</b>                                      |  |
| 94.  | <i>Mbut gawe yo momong yo hehe</i>                        |  |
| 95.  | <b>Hehe iyo yo, tapi nek misal opo anak rewel</b>         |  |
| 96.  | <b>ngono ki ora kepikiran piye-piye ngono mbak</b>        |  |
| 97.  | <b>koyo misal rewel wae nyusahke po piye?</b>             |  |
| 98.  | <i>Yo ora mbak lumrah tho nek cah cilik hehe nek ra</i>   | Informan merasa sudah biasa jika anak rewel<br>W19/Asri: 98-100  |
| 99.  | <i>dong kepiye ngono yo ra rewel ngono lho ndilalah</i>   |  |
| 100. | <i>ki bocahe</i>  |  |
| 101. | <b>Sing nomer telu iki?</b>                               |  |
| 102. | <i>He.em sing nomer loro barang ki saiki yo wis nek</i>   |  |
| 103. | <i>lungo nek adike ra dijak yo ngoleki adik, nang</i>     |  |
| 104. | <i>ngomah nek ditinggal lungo ngono yo ngoleki</i>        |  |
| 105. | <i>mamak karo adik ngono kui hehe</i>                     |  |
| 106. | <b>Hehe</b>   |  |
| 107. | <i>Sing cilik ngono wis ngerti nek tinggal lungo</i>      |  |
| 108. | <i>“adik, asik, adik apip oyah” tak oyak</i>              |  |
| 109. | <b>Hehe ngono yo lucu</b>                                 |  |
| 110. | <i>Hehe</i>   |  |
| 111. | <b>O nek iki anu yo berarti fokuse nang anak</b>          |  |
| 112. | <b>ndisik yo mbak yo?</b>                                 |  |
| 113. | <i>He.em</i>  |  |
| 114. | <b>Ra kepikiran arep kerjo po opo?</b>                    |  |
| 115. | <i>Ra hehe yo pikiran yo ono sing gedhe-gedhe ngo</i>     | Informan tidak berpikir untuk bekerja<br>W19/Asri: 115-116       |
| 116. | <i>opo yo penak hehe nek wis gedhe-gedhe yo</i>           |  |
| 117. | <b>Pengen anu ora nambah ora?</b>                         |  |
| 118. | <i>Ora mbak hehe telu wae</i>                             | Informan tidak ingin menambah anak lagi<br>W19/Asri: 118, 120    |
| 119. | <b>Hehe tetep ora yo? lha ngopo?</b>                      |  |
| 120. | <i>Yo wis cukup hehe</i>                                  |  |

|      |  |  |
|------|--|--|
| 121. | <b>Hehe susah ngono po le anu ngrawat ngono po piye sing gedhekke ngono?</b>   |  |
| 122. | <i>Ming le ku ngembol hehe sing suwe hehe</i>  |  |
| 123. | <b>Hamile yo malahan hehe le susah</b>   | Informan merasa terbebani jika hamil   |
| 124. | <i>Ngembol suwe nek lingguh rekoso hehe le ngadek rekoso hehe</i>  | W19/Asri: 123, 125-126   |
| 125. | <b>Tapi bar lahir plong ngono yo?</b>  |  |
| 126. | <i>He.em nek wis bar lair padhang weruh bayine ngono wis ra kroso lara mbak</i>  | Informan merasa setelah lahir semua rasa sakit hilang karena perasan senang melihat bayi   |
| 127. | <b>Iyo tho?</b>  | W19/Asri: 128-129, 131-133   |
| 128. | <i>He.em ra neng dirasakke lara nek weruh bayine nang njobo ngo ki ilang kabeh roso lara ki ngertine ming bayi seneng hehe</i>   |  |
| 129. | <b>Hehe ndelok langsung seneng yo?</b>   | Informan merasa beban apapun terasa hilang ketika melihat bayi   |
| 130. | <i>He.em rasane koyo ngopo langsung ilang mbak nek weruh bayi anehe kui nek wong wedok hehe</i>  | W19/Asri: 135-136  |
| 131. | <b>Padahal biyen me methenge yo susah yo?</b>  | Informan terbebani saat hamil  |
| 132. | <i>He.em methenge rekoso arep obah rekoso hehe turu rekoso opo-opo rekoso</i>  | W19/Asri: 138-139  |
| 133. | <b>Anu rak anak sing ketelu iki dek Rafi nek diajak dolan-dolan ngono ora?</b>   | Informan tidak khawatir sering mengajak pergi jauh karena tidak mudah sakit  |
| 134. | <i>He.em mbak ben dino lungo jagong nang Cilacap ngono wis biasa ngo mobil, golek kayu ngono e</i>   | W19/Asri: 142-143, 145   |
| 135. | <b>Ora wedi mbak nek lara?</b>   |  |
| 136. | <i>Bandel bocahe mbak bandel hehe</i>  |  |
| 137. | <b>Hehe seneng yo nek misal ngajak lungu ngene ki?</b>   |  |
| 138. | <i>He.em</i>   |  |
| 139. | <b>Ngajak bayi dek Rafi?</b>   |  |
| 140. | <i>Hehe</i>  |  |
| 141. | <b>Seneng ora nek misal iki opo koyo eneng tonggone nganu bayie koyo iki lho kok anake cilik-cilik ngono kui ngomentari ngono kui piye mbak Asri?</b>  | Informan merasa tidak senang ketika hamil, namun setelah melahirkan semua perasaan tidak suka hilang                                 |
| 142. | <i>Malah dek metheng biyen mbak hehe dek methenge biyen malahan le ngono le ngrasakke isin ngrasakke tenan anake isih cilik metheng meneh ngono kui ning nek wis neng njobo wis malah ora ra nde roso ngono kui hehe</i>   | W19/Asri: 155-156  |
| 143. | <b>Hehe seneng yo tek'e?</b>   | Informan tidak dapat melihat banyak yang mengalami hal yang sama dengan informan karena saat hamil jarang keluar rumah sehingga dulu |
| 144. | <i>He.em malah wong-wong mah do ngelekke "saiki ra ngopo-ngopo nek gedhe penak" ngono malah do ngono-ngono kae hehe "repot yo mbah" "ra popo-popo kabeh podho wae eneng sing nglakoni" kene yo okeh tho mbak sing ngono kui kethoke mung nglakoni awake dhewe ning nek njobo</i> |  |

|      |   |   |
|------|---|---|
| 167. | <i>bulane yo “oalah” hehe rasane ki nek koyo aku ra</i>     | sering merasa terbebani saat hamil lagi<br>W19/Asri: 162-169  |
| 168. | <i>tau metu-metu gek do dolan-dolan tho mbak apuse</i>      |   |
| 169. | <i>mung momong hehe nang ngomah</i>                         | Saat hamil informan merasa khawatir tidak dapat mengasuh dengan baik, namun setelah lahir tidak lagi<br>W19/Asri: 174-182 |
| 170. | <b>Hehe kroso iku ora terbebani ki tek’e wong-</b>          |   |
| 171. | <b>wong do tek’e ngomong sesuk penak opo</b>                |   |
| 172. | <b>pancen mbak Asri dhewe sing pancen ora</b>               |   |
| 173. | <b>terbebani?</b>   |   |
| 174. | <i>Yo po rasane biasa wae nek wis nglakoni mbak</i>         |   |
| 175. | <i>ning nek nyawang cen yo ho.o aku biyen we sok</i>        |   |
| 176. | <i>kepiye anake isih cilik-cilik arep kepiye ngonoi dek</i> |   |
| 177. | <i>metheng malah kepikiran ngono kui mbak ning nek</i>      |   |
| 178. | <i>wis nglakoni koyo ngene iki yo biasa-biasa wae</i>       |   |
| 179. | <i>ngedusi yo gentenan siji loro hehe kakangne adine</i>    | Informan pada awalnya khawatir namun ketika dijalani informan berpikir tidak terasa berat<br>W19/Asri: 185-189            |
| 180. | <i>gentenan ngenteni ngonoi biasa, maune mikire gek</i>     |   |
| 181. | <i>kepiye sesok cilik-cilik sesok gek rewel ora hehe</i>    |   |
| 182. | <i>nek isih methenge</i>                                    |   |
| 183. | <b>Ternyata, ternyata gampang yo le nompo</b>               |   |
| 184. | <b>bayie?</b>   |   |
| 185. | <i>He.em nek wong wedok ki yo mbuh wis dasare</i>           |   |
| 186. | <i>garise yo wong wedok ki kudu nompo ngono kui</i>         |   |
| 187. | <i>mboh emboh mbak ning nek pikiran semelang</i>            |   |
| 188. | <i>maune yo ono ning malah ra seberat sing dipikirke</i>    |   |
| 189. | <i>nek wis dilakoni hehe</i>                                | Setelah proses persalinan informan melakukan aktivitas seperti biasa<br>W19/Asri: 193-185                                 |
| 190. | <b>O iku anu yo ket awal lair langsung wis bener-</b>       |   |
| 191. | <b>bener ora ngroso abot opo piye ngono yo mbak</b>         |   |
| 192. | <b>yo?</b>  |   |
| 193. | <i>He.em aku ki seko nang rumah sakit we adus</i>           |   |
| 194. | <i>dhewe ngopo-opo dhewe do ngumun sustere mlaku</i>        |   |
| 195. | <i>nang ngendi-endi hehe opo-opo dhewe</i>                  |   |
| 196. | <b>Hehe opo ra semelang ngono po nek jaitane</b>            |   |
| 197. | <b>lepas ngono?</b>   |   |
| 198. | <i>Ra dijahit tho mbak</i>                                  |   |
| 199. | <b>Lha kok ngono?</b>                                       | Informan ridak merasa kesakitan setelah proses persalinan W19/Asri: 203-207   |
| 200. | <i>Normal ra jaitan tanpo ngono aku ki seko siki</i>        |   |
| 201. | <i>dhewe ndisik hehe</i>                                    |   |
| 202. | <b>Hehe enak yo?</b>  |   |
| 203. | <i>He.em dadine ki metu yo kemau wis ra ngrasakke</i>       |   |
| 204. | <i>lara ra ketok ngomah juk ketuk ngomah yo wis kan</i>     |   |
| 205. | <i>anakku sing gedhe tak tinggal tho nang rumah</i>         |   |
| 206. | <i>sakit kui dimong lik kemau, omah ra eneng terus</i>      |   |
| 207. | <i>aku ngoleki nang ngendi hehe</i>                         |   |
| 208. | <b>Hehe</b>   |   |
| 209. | <i>Dodilokke “rek nang ngendi wisan” hehe</i>               |   |
| 210. | <b>Ditinggal-tinggal hehe</b>                               |   |
| 211. | <i>Hehe</i>   |   |
| 212. | <b>Tapi nek misal ngoleki ngono kui yo dek Rafi</b>         |   |

|  |   |
|--|---|
